ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№118 (24.868) • 2025 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 30, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

ЛІыхъужьхэм я лъэхъэнэ

Ди щІыналъэм мы махуэхэм щаублащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лІыхъужьхэр» проектышхуэр. Ди къэралым гъунэгъу щІыналъэм щригъэкІуэкІ дзэ Іуэхугъуэ хэхам хэт зауэлІхэм, абы и ветеранхэм защІэгъэкъуэным хуэгъэпса а пэхуэщІэр «ЛІыхъужьхэм я зэман» федеральнэ программэм къыпызыщэ Іуэхугъуэщ. Проектым и жэрдэмщІакІуэр КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекщ. Республикэм и унафэщІыр гуапэу ехъуэхъуащ проетым хэт лІыхъужьхэм я мурадхэр къайхъулІэну, щІэныгъэщІэ зрагъэгъуэту гъащІэм нэсу хэувэжыну.

ЩІЫНАЛЪЭ проектым къыщцыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэхэр гъэзэщІэным йолэжь КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэр, «Іуащхьэмахуэ» университет зэхэтыр, Урысейм цІыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкІэ и Президент академием (РАНХиГС) Къэрал управленэмкІэ и еджапІэ нэхъыщхьэр. Іуэхур даІыгъщ «Урысейр – Іэмал куэд здэщыІэ къэралщ» ІэнатІэмрэ «Хэкум и хъумакІуэхэр» урысейпсо фондым КъБР-м щиІэ къудамэмрэ я ІэщІагъэлІхэм.

Программэр гуфІэгъуэ щытыкІэм иту яублащ. КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ Говоров Сергей, КъБР-м и Парламентым и депутат Къаздэхъу Альберт, «Хэкум и хъумакІуэхэр» къэрал фондым КъБР-м щиІэ къудамэм и пашэ Дадэ МуІэед, Урысейм цІыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкІэ и Президент, академием Къэрал управленэмкІэ и еджапІэ нэхъыщхьэм и къуэдзэ Подшивалов Евгений, РАНХиГС-м и къудамэу Кавказ Ищхъэрэ институтым и унафэщІ ЛІыс Азэмэт сымэ зэхуэсым кърихьэлІа лІыхъужьхэм гуапэу зыхуагъэзащ.

ЗэІущІэм зэрыщыжаІамкІэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лІыхъужьхэр» программэр хуэунэтІащ къэралым гъунэгъу щІыналъэм щригъэкІуэкІ дзэ Іуэхугъуэ хэхам хэт зауэлІхэм, абы и ветеранхэм защІэгъэкъуэным, абыхэм ІэщІагъэщІэхэр зрагъэгъуэту лэжьыгъэ ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм увыным, жылагъуэ лэжьыгъэхэр ягъэзэщІэфыным, къэрал, щІыналъэ къулыкъущІапІэхэм щылэжьэным. СВО-м хэт зауэлІхэмрэ абы и ветеранхэмрэ лекцэхэм къахуеджэнущ федеральнэ экспертхэр, гъэсакІуэхэр, РАНХиГС-м, щІыналъэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм къикІа еджагъэшхуэхэр, къэрал къулыкъущІапІэхэм, щІыпІэ самоуправленэхэм я лІыкІуэхэр.

Программэм и япэ Іыхьэр жэпуэгъуэм и 3 пщІондэ екІуэкІынущ. Абы щаджынущ къэрал политикэм, управленэмкІэ ІэнатІэм, гупу зэдэлэжьэным хуэунэтІа Іуэхугъуэхэр. А лэжьыгъэхэм хухахащ сыхьэт 502-рэ къызэщІэзыубыдэ дерс хьэлэмэтхэр, купщІафІэхэр. А курсхэм щеджэнущ цІыху 31-рэ. АдэкІэ абыхэм я унэтІакІуэхэр сэбэп хъунущ курсантхэр лэжьыгъэ ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщынми.

Къуажэхэм зыщрагъэужь

Иджыблагъэ щыгъуазэ фызэрытщІащи, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр Дзэлыкъуэ районым лэжьыгъэ ІуэхукІэ щыІащ. Ахэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зэрызыщрагъэужьым.

УФ-м и Президент Путин Владимир и пщэрылъкІэ, къэралым физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ 2030 гъэ пщІондэ зэрызыщрагъэужьыпхъэм теухуауэ яубзыхуа лэжьыгъэр я тегъэщІапІэу, депутатхэр Іуэхум хэплъащ.

- ЦІыхур щыпсэу щІыпІэм емылъытауэ, ар къалащхьэм пэжыжьэми пэгъунэгъуми, спорт Іуэхутхьэбзэхэр ягъуэтыныр ди къалэнхэм ящыщщ, - жиІащ республикэм и хабзэубзыху ІуэхущІапІэм и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ. - Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди къэралым и щІыналъэ куэдми хуэдэу, мы Іуэхум гулъытэшхуэ щыхуащІ. Дауэ хъуми, республикэм щыпсэум и Іыхьэфіыр (процент 48-р) къуажэдэсхэращ. Ар къэлъытауэ, иужьрей илъэсхэм республикэм и къуажэхэм спорт ІуэхущІапІэхэм зыщегъэужьыным лэжьыгъэшхуэ ирахьэлІэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым зэрыжиІамкІэ, ди щІыналъэм мы зэманым спорт ухуэныгъэу 1700-м нэблагъэ щыІэщ, абы и процент 54,3-р къуажэхэм дэтщ. 2018 гъэм къыщыщІэдзауэ 2024 гъэ пщІондэ яухуа спорт ІуэхущІапІэ 75-м ящыщуи 47-р къуажэхэм хуозэ.

- Мы Іуэхум дыхэплъэну Дзэлыкъуэ районыр зэрымыщІэкІэ къыхэтхакъым. Къалащхьэм пэІэщІэ пэтми, абы ехъулІэныгъэфІхэр щиІэщ дызытепсэлъыхь ІэнатІэм. Къапщтэмэ, иужьрей илъэсхэм районым зэхъуэкІыныгъэфІхэр лъэныкъуэ куэдкІэ щыболъагъу. Къуажэ 16-м спорт ухуэныгъэу 108-рэ щолажьэ, абыхэм яхэтщ иджырей мардэхэм тету яухуа псыгуэнхэр, футбол джэгупІэхэр, спорт утыку зэмылІэужьыгъуэхэр. Абыхэм ящыщ зыбжанэ спорт ІуэхущІапІэхэм я урысейпсо реестрым хагъэхьащ икІи абы Іэмал къарет зэхьэзэхуэшхуэхэр щрагъэкІуэкІыну, - пищащ Егоровэм. - Мы ІэнатІэм зэрызиужьам и фІыгъэкІэ, физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ дихьэххэм я бжыгъэми, сыт хуэдэ ныбжьми иту, хохъуэ, Дзэлыкъуэ щІыналъэм щыщхэм спортым ехъулІэныгъэшхуэхэр къыщагъэлъагъуэ. Псом хуэмыдэу ди гуапэщ зи узыншагъэм къимыхь сабийхэм папщІэ спортым и бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэхэм мы щІыпІэм гулъытэ хэха зэрыщыхуащІыр. Дэ илъэс куэд лъандэрэ республикэ спорт-адаптивнэ школым ди нэІэ тетщ. ЩІыналъэм зэкІэ апхуэдэу а зыращ щылажьэр, абы къыхэкІыу мызэ-мытІэу къэтІэтащ районхэми зи узыншагъэм сэкъат иІэхэм папщІэ апхуэдэ ІуэхущІапІэ щахуэщІын зэрыхуейр. Ди гуапэ зэрыхъунщи, ди къаруи хэлъу, а Іуэхур кІуэтауэ жыпІэ хъунущ. Дзэлыкъуэ районыр а Іуэхум япэу елэжьын щІэзыдзахэм ящыщщ. Зи узыншагъэм сэкъат иІэхэм къыхузэрагъэпэщащ спорт секцэ щхьэхуэхэр, абы къиІщынэмыщІауэ, зэрытщІэмкІэ, къуажиплІым спорт ухуэныгъэ хэхахэр щагъэуващ. Дыщогугъ мы районым и зэфІэкІхэр адрейхэми щапхъэ яхуэхъуну.

ЕхъулІэныгъэхэм я мызакъуэу, Егоровэ Татьянэ къигъэлъэгъуащ ІэщІагъэлІхэр, тренер-егъэджакІуэхэр зэрахуримыкъум епха гугъуехьхэр зэрыщыІэри.

- А Іуэхур зэфІахын папщІэ, 2026 гъэм щегъэжьауэ УФ-м и Президентым и пщэрылъкІэ къэралым и щІыналъэ псоми «Къуажэ тренер» программэр щаублэнущ. Иджыпсту ар щагъэзащІэ КъуэкІыпІэ Жыжьэмрэ Централньэ федеральнэ щІыналъэм и хэгъэгухэмрэ. Дыщогугъ ди республикэри а Іуэхум жыджэру иужь ихьэну.

Спорт ІуэхущІапІэхэр

КъБР-м спортымкІэ и министрым и унафэщІым и къуэдзэ Анаев Аслъэн жиІащ республикэм зэрыщылажьэр спорт ІуэхущІапІэ 49-рэ, республикэм и гуп къыхэхахэр щагъэхьэзыр центр, щІыналъэ спорт федерацэ 62-рэ. Абыхэм ящыщу 17-р къуажэхэм щыІэщ.

- ЩІыпІэ унафэр зезыхьэ ІуэхущІапІэхэм я гъусэу, спорт ІэнатІэм зегъэужьыным епха лэжьыгъэхэм пытщэнущ, ахэр зыхуейхэмкІэ къызэгъэпэщынымрэ цІыхухэм псэукІэ узыншэ зэрырагъэкІуэкІынымрэ дегугъунущ, - къыхигъэщащ къэпсэлъам.

Апхуэдэуи абы дыщІигъуащ спортым къуажэдэсхэр дегъэхьэхыным хуэгъэзауэ цІыхубэ зэхыхьэ зэмылІэужьыгъуэхэр щІэх-щІэхыурэ къызэрызэрагъэпэщыр. Дунейпсо, урысейпсо спорт зэхьэзэхуэхэм ехъулІэныгъэхэр къыщцызыгъэлъэгъуа спортсменхэмрэ абыхэм я тренерхэмрэ ягъэгушхуэн, мылъкукІэ ядэІэпыкъун папщІэ, ахъшэ саугъэтхэр ягъэбелджылащ.

Анаев Аслъэн тепсэлъыхьащ спорт ІэнатІэм и ІэщІагъэлІхэр зэрагъэхьэзыр къэрал программэхэм, къуажэхэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зэрызыщрагъэужь Іэмалхэм зэрыхагъахъуэм, яІэ ехъулІэныгъэхэм.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Тхыдэм и хъумакІуэ нэсхэр

ФокІадэм и 26-м Налшык къалэ, ЩІалэгъуалэм и Унэм, щекІуэкІащ «Тхыдэм и хъумакІуэхэр» щІыналъэ зэхыхьэр. Абы хэтащ республикэм и районхэм я щІалэгъуалэ 75-рэ.

«ТХЫДЭМ и хъумакІуэхэр» урысейпсо Іуэхур 2023 гъэ лъандэрэ ирагъэкІуэкІ, «Пашэхэм я зэщІэхъееныгъэ», «Юнармия» жылагъуэ ІуэхущІапІэхэм къызэрагъэпэщу. А Іуэхум школакІуэхэр, студентхэр, адэ-анэхэр, егъэджакІуэхэр къызэщІрагъэубыдэ. Абдеж щІалэгъуалэм тхыдэр джыныммрэ хъумэнымрэ теухуа я къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щагъэлъагъуэ, абыхэм я нэхъыфІыр къыщыхах.

Дахэу къызэІуахащ зэхуэсыр. КъызэгъэпэщакІуэхэм къыхагъэщащ блэкІамрэ нобэрей зэманымрэ зэпызыщІэ, фэеплъыр зыхъумэ Іуэхухэм ящыщ зым теухуауэ зэрызэхыхьар. ЩІалэгъуалэри балигъри зэгъусэу къэтэджри, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я къэрал гимнхэм едэІуащ.

НыбжьыщІэхэм яІущІащ КъБР-м щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Ахметов Артур, Росгвардием и ветеранхэм я советым и унафэщІ, полицэм и полковник, мы зэманым мылэжьэж Хужьокъуэ Руслан, Юнармия жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щІыналъэ штабым и унафэщІ Джатэ Темболэт, «Пашэхэм я зэщІэхъееныгъэ» щІыналъэ къудамэм и советым и унафэщІ Шыпш Аслъэн сымэ.

Ахметов Артур къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Хэку зауэшхуэр зэрекІуэкІам и пэжыпІэхэр къыдэкІуэтей щІэблэм ябгъэдэлъхьэным ди зэманым икъукІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр. «Ди адэжьхэм зэрахьа лІыгъэм и фэеплъыр хъумэныр ди къэкІуэнур тхуэзыхъумэщ. БлэкІар тщІэн, адрей щІэблэр абыхэм щыдгъэгъуэзэн хуейщ. Нобэ дрогушхуэ хэкупсэ Іуэхухэм щІалэгъуалэр жыджэру хэтыну зэрыхущІэкъум. ТекІуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрихьрэ илъэс 80 щрикъу гъэм Хэкум и щхьэхуитыныгъэм зи гъащІэр щІэзытахэм я фэеплъым пщІэ хуэщІыным дэтхэнэми и Іыхьэ хилъхьэн хуейщ», - жиІащ къэпсэлъам.

Хужьокъуэ Руслан къытеувыІащ зэкъуэтыныгъэмрэ жэуаплыныгъэмрэ я мыхьэнэм. «Гъуэгуанэ щхьэпэ фызытетым фытемыкІыу фрикІуэну, ехъулІэныгъэ куэд фиІэну ди гуапэщ. ЗэрыфщІэщи, нобэ сыт и лъэныкъуэкІи куэд хущІокъу тхыдэр я фейдэ хэлъу кърахыкІыжыну. Дэ ди къалэнщ ди Хэкум и тхыдэ хахуэм зыри едмыгъэІусэну. Ар дэращ зи тхыдэр, зи фэеплъыр. Мыпхуэдэ зэхыхьэхэри тхыдэ пэжым я хъумакІуэу къызолъытэ. Фэеплъым и хъумакІуэхэр фэращ, ди щІэблэращ. Фи къарур зыхуэвунэтІымрэ фи къэухьымрэщ ди къэкІуэнур зэлъытауэ щытынур», - жиІащ нэхъыжьым.

Джатэ Темболэт жаІам дыщІигъуащ зэхыхьэм езыри зэрыхэтыр хуабжьу зэригуапэр. Абы къыхигъэщащ нобэрей щІэблэм къызэрымыкІуэу жэуаплыныгъэ ин - Хэкум и тхыдэмрэ ар къызэрыгъуэгурыкІуамрэ ихъумэныр - и пщэ къызэрыдэхуар.

Шыпш Аслъэн игу къигъэкІыжащ и сабиигъуэм щыщ Іыхьэ. «Дэ ди сабиигъуэр фыфейм куэдкІэ къыщхьэщыкІыу щытащ, - захуигъэзащ щІалэгъуалэм. - Фэ нобэ телефонхэмрэ Интернетымрэ фи Іэпэгъущ. Дэ 1990 гъэхэм дыкъэхъуащ, телевизорым къигъэлъагъуэ каналитІымкІэ унэм ди адэ-анэхэм я гъусэу «Семнадцать мгновений весны», «Щит и меч» фильм цІэрыІуэхэм, нэгъуэщІхэми деплъу. Хэкум хуаІэ лъагъуныгъэм ухуагъасэрт абыхэм. Гу лъыфтэну сыхуейт: тхыдэр хъума щыхъунур ІэщІагъэлІ лъэрызехьэхэр, щІэныгъэлІ нэсхэр диІэмэщ. Абы къыхэкІыу еджапІэм къывит Іэмал псори къэвгъэсэбэп, архивхэр щІэвджыкІ, библиотекэхэм фыщІэс, фымыщхьэх, сытым дежи нэхъыфІым я нэхъыфІыж фызэрыхъуным фыхущІэкъу. КъБР-м ЩІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэри «Пашэхэм я зэщІэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэри хьэзырщ сыт хуэдэ ІуэхукІи дэІэпыкъуэгъу дыфхуэхъуну».

Зэхуэсым хэт щІалэгъуалэм иратащ «Тхыдэм и хъумакІуэхэр» бгъэхэІу дамыгъэр. АдэкІэ щІалэгъуалэр ирагъэдэІуащ Щэнхабзэ щІэину къалъыта ІуэхущІапІэхэр хъумэнымкІэ управленэм и лэжьыгъэм. «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» зэгухьэныгъэм хэтхэри тепсэлъыхьащ ирагъэкІуэкІ Іуэхухэм. НэгъуэщІ пэшым ныбжьыщІэхэм къащыхуэзащ 115-нэ шуудзэм и цІэр зезыхьэ лъыхъуакІуэ гупым и унафэщІ Заруцкий Олег. Хэзыгъэгъуазэ Іуэхухэм яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и фэеплъ щІыпІэхэм теухуауэ «Пашэхэм я зэщІэхъееныгъэ» щІыналъэ къудамэм и ущиякІуэ Овдиенкэ Юлие иригъэкІуэкІа дерсри.

Зэхуэсыр къазэрыщыхъум теухуауэ я Іуэху еплъыкІэкІэ къыддэгуэшащ щІалэгъуалэм щыщ зыбжанэ. Лень Марие (илъэс 14) жеІэ: «СэркІэ фэеплъым и хъумакІуэу ущытыныр зауэм и лІыхъужьхэр уигу илъу, бгъэлъапІэу аращ, ди лъахэм и тхыдэм дыщыгъуэзэн зэрыхуейрщ. Мыбдеж къыщызэхуэсащ ди щІыналъэм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм къикІа щІалэгъуалэ куэд, ехъулІэныгъэ яІэну си гуапэщ».

Семилетов Ярослав (илъэс 16): «Тхыдэм и хъумакІуэу ущытыным къикІыр ди япэ итахэм я фэеплъым пщІэ хуэтщІынырщ, абыхэм я гъащІэм нэгъуэщІхэр щыдгъэгъуэзэнырщ. Дэ ди гупым игъэхьэзыра лэжьыгъэр зытеухуар адмирал Головко Арсений и гъащІэрщ. Дыхуейщ ди лъахэ цІыкІум и лІыхъужьхэр щІалэгъуалэ нэхъыбэм къацІыхуну».

Зэхуэсым утыку къыщрахьа я къэхутэныгъэхэм ныбжьыщІэхэр илъэсым и кІуэцІкІэ елэжьащ, шэч хэмылъуи, а пІалъэм кърипубыдэу Хэку зауэшхуэм и лІыхъужь мымащІэм я тхыдэм абыхэм зыщагъэгъуэзащ. «Пашэхэм я зэщІэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къуэдзэ Забаков Азэмэт зэрыжиІэмкІэ, «Тхыдэм и хъумакІуэхэр» Іуэхум и фІыгъэкІэ ныбжьыщІэхэр зэроубыд, я жэрдэмыр къадэзыІыгъ гупхэр зэхуашэсыф. Ахэр архив дэфтэрхэм, фэеплъхэм ятеухуауэ щыІэм зэгъусэу йоджэ, зэхуахьэса хъыбархэр платформэ хэхам къыщагъэлъэгъуэж. «Мы Іуэхум мыхьэнэшхуэ иІэу къызолъытэ. Ди ветеранхэм я фэеплъыр тхъумэн хуейщ. Ахэращ щІалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэнымкІэ ди тегъэщІапІэр, - жеІэ Азэмэт. - Нобэрей зэхуэсым гуп нэхъыфІыр къыщыхэтхыу, «Тхыдэм и хъумакІуэхэр» урысейпсо Іуэхум и кІэух Іыхьэм (Москва къалэм щекІуэгъуэ мазэм щекІуэкІынущ) ди Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэу дгъэкІуэну аращ. Гупым Іэмал иІэнущ музейхэми зыщаплъыхьыну, къэрэгъулхэм я къалэныр зэрагъэзащІэмрэ архив дэфтэрхэр къызэралъыхъуэмрэ теухуауэ мастер-классхэми хэтыну».

ЩІалэгъуалэм я махуэр Іуэхугъуэ куэдкІэ гъэнщІауэ екІуэкІащ, пщыхьэщхьэм ягъэбелджылащ текІуэныгъэр зыхуэфащэхэр. Япэ увыпІэр къихьащ Май районым къикІа «Камелот» гупым. Ар кІуэнущ ди щыхьэрым щекІуэкІыну урысейпсо зэхуэсым. ЕтІуанэ увыпІэр къахьащ Налшык къалэм дэт курыт еджапІэ №20-м щІэсхэм. Ещанэ хъуащ Дзэлыкъуэ районым къикІахэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Ди къуэш республикэхэм

ТекІуэныгъэм и махуэр ягъэлъапІэ

АБХЪАЗ. **Илъэс 32-рэ ипэкІэ, 1993 гъэм фокІадэм и 27-м, Сыхъум къыІэщІагъэкІыжауэ щытащ куржыдзэхэм. Махуищ дэкІри, фокІадэм и 30-м, Абхъаз щІыналъэм бийр ирахуащ. Абдежым щиухащ Абхъазым и Хэку зауэр.**

Республикэр хуит къыщащІыжа махуэм, зэрыхабзэу, Хэкум и зауэлІ-хъумакІуэхэм я фэеплъым, ЩІыхьым и паркым итым деж щызэхуэсат республикэм и Президент Гунбэ Бадрэ, вице-президент Бигвавэ Беслъэн, премьер-министр Делбэ Владимир, Парламентым и УнафэщІ Ашубэ Лашэ, президентым и Администрацэм и Іэтащхьэ Эшбэ Беслъэн, ШынагъуэншагъэмкІэ советым и секретарь Лолуэ Рауль, правительствэм хэтхэр, зауэм и ветеранхэр, хэкІуэда зауэлІхэм я анэхэр, жылагъуэм щыщхэр.

Нобэ, фокІадэм и 30-м, Абхъазым егъэлъапІэ ТекІуэныгъэм и махуэр.

Москва щагъэлъэгъуэнущ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и Черкесск къалэр къызэрыунэхурэ илъэс 200 зэрырикъум хуэгъэпса сурэт гъэлъэгъуэныгъэ жэпуэгъуэм и 3-м Москва и Арбат уэрамым къыщызэІуахынущ.**

«Абы щыхьэрым щыпсэухэмрэ и хьэщІэхэмрэ щигъэгъуэзэнущ Къэрэшей-Шэрджэсым и тхыдэм, Черкесск къалэм пыщІэныгъэ зыхуиІэ и архитектурэ фэеплъ телъыджэхэмрэ мыхьэнэшхуэ зиІэ тхыдэ Іуэхухэмрэ. Экспозицэм къызэщІеубыдэ лэжьыгъэ 32-рэ, апхуэдэуи QR-кодхэмкІэ зыщыбгъэгъуэзэфынущ лІэщІыгъуитІым къалэм и теплъэм игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэм, и блэкІамрэ нобэмрэ зэбгъэпщэну Іэмал щыІэнущ», - къет Правительствэм и пресс-ІуэхущІапІэм.

Іуэхур къызэрагъэпэщащ Къэрэшей-Шэрджэсым и лІыкІуэу къалащхьэм щыІэмрэ Москва Лъэпкъ политикэмрэ щІыналъэхэм яхуиІэ зэпыщІэныгъэмкІэ департаментымрэ.

Медицинэ ІуэхущІапІэхэр яухуэ

АДЫГЕЙ. **Тэхъутэмыкъуей районым дохутыр амбулаторэу тІу щаухуэ. Лэжьыгъэхэр и кІэм нагъэсащ. Медицинэ ІуэхущІапІэр Іэмал имыІэу зыхуеину Іэмэпсымэхэмкіэ мыгувэу къызэрагъэпэщынущ.**

ІэфІыпс дохутыр амбулаторэ щыухуэным щыпащэ. Тэхъутэмыкъуей районым и администарцэм зэрыщыжаІамкІэ, иджыри зы дохутыр амбулаторэ иІэ хъунущ Шэнджий къуажэми.

Къызэрыхагъэщащи, ІуэхущІапІэщІэхэм ирагъэфІэкІуэнущ япэ медицинэ хуэІухуэщІэр цІыхухэм зэрыхузэфІахыр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ИнтернеткІэ Іэ тевдзэ

КІуэ пэтми ІэмалыщІэхэр ди гъащІэм нэхъ кууэ къыхохьэ, ар псынщІэ икІи тынш къытщащІу. Мы куар-кодыр къэбгъэсэбэпу «Адыгэ псалъэм» Іэ щытебдзэ хъунущ дэнэ щІыпІэ ущыІэми: Сбер-онлайным уохьэри абы тыбогъапсэ. АдэкІэ ди газетыр къигъэлъэгъуэнурэ кІэщІ дыдэу ущигъэгъуэзэнущ икІи къебгъэхьын папщІэ (уи унэм е ппэгъунэгъу пощтым) и лъабжьэм деж уи цІэ унэцІэмрэ хэщІапІэмрэ иботхэри, уасэр абдежым щыбот. Дыфщогугъ адыгэбзэкІэ къыдэкІ газет закъуэм адэкІи и ныбжьэгъу пэжу фыкъэнэну!

Къуажэхэм зыщрагъэужь

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Къуажэм спортым зыщегъэужьыныр нэхъыщхьэщ

Дзэлыкъуэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Дохъушокъуэ Исмэхьил жиIащ спорт пэш 29-рэ зэраIэр, ахэр къуажэхэм зэхуэдэу зэрытегуэшар. Дэтхэнэ къуажэми футбол джэгупIэ дэтщ (псори зэхэту 26-рэ мэхъу). КъищынэмыщIауэ, спорт щIыпIэ 45-рэ, узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж спорт IуэхущIапIэу 4, стадионищрэ спорт лIэужьыгъуэ псоми тещIыхьауэ зырэ (ФОКОТ) яIэщ.

- Иужьрей илъэсипщIым тхузэфIэкIам хуэдиз районым и илъэси 100 тхыдэм зэи къыщыхъуагъэнкъым. Псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иIащ Дзэлыкъуэкъуажэ псыгуэн хэту спорт IуэхущIапIэ къызэрыщызэIутхам. «Победа» ФОК-мрэ «Арена» спорт IуэхущIапIэмрэ къызэрыунэхурэ спортым щыдиIэ зэфIэкIыми цIыхухэр физическэ щэнхабзэм зэрыдихьэхми зэуэ хэхъуащ, - жиIащ Дохъушокъуэм.

Абы къыхигъэщащ зи узыншагъэм сэкъат иIэхэри спортым зэрыхэтыным я нэIэ зэрытрагъэтыр. Районым апхуэдэ сабийуэ ис 225-м ящыщу 142-р, я адэ-анэхэм я гупыжкIэ, спортым хэтщ. Зи Iэпкълъэпкъым ныкъусаныгъэ иIэхэмрэ зи нэм имылъагъухэмри IуэхущIапIэм зэрызыщагъэсэфыну Iэмалхэр къалъытащ.

- ЕсыкIэр, художественнэ гимнастикэр, шахматыр сыт хуэдэ ныбжьым итми сэбэп хуохъу и Iэпкълъэпкъыр, узыншагъэр зэпIэзэрыту щытынымкIэ. ЦIыхубз спортми зеужь иужьрей зэманым. Хъыджэбз цIыкIухэм яфIэфIу зрагъасэ псы есыкIэм, волейболым, художественнэ гимнастикэм, - дыщIигъуащ къэпсэлъам.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ жиIащ IуэхущIапIэщIэхэр зэраухуэм къыдэкIуэу, жьы хъуахэми гулъытэ яхуэщIын зэрыхуейр, куэдыр зэгъэпэщыжыным иджыпсту зэрыхуэныкъуэр. Апхуэдэуи Емузым Iуэху зэIумыбз зыбжанэ зэрыщыIэр къигъэлъэгъуащ. Псалъэм папщIэ, КъБКъУ-м и спорт факультетым къэрал мылъкукIэ щеджэфынухэр зэрыщагъэмэщIар лъэпощхьэпо хуохъу IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным. Нэгъуэщl гугъуехьу депутатым къехь къуажэдэсхэм спортым гукъыдэж зэрыхуамыIэр, лъэпкъ спорт лIэужьыгъуэхэм дегъэхьэхын зэрыхуейр.

КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэным и IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Мэлбахъуэ Борис жиIащ къэралым лъэпкъ Iуэхухэр щыгъэзэщIэным иужь зэрихьэрэ къуажэхэм спортыр щыгъэкIуэтэным нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ елэжьын зэрыщIадзар.

- Нэхъ ипэIуэкIэ адэ-анэхэм я сабийхэр гъунэгъу щIыналъэхэм яшэн хуей хъууэ щытащ, иджы апхуэдэжкъым, ауэ иджыри зэлэжьыпхъэхэр, шэч хэмылъу, щыIэщ, - къыхигъэщащ абы.

«Правительствэм хухах сыхьэтым» хыхьэу екIуэкIа зэIущIэм хэт сыт хуэдэ упщIэ иIэми къыщиIэтыну Iэмал яIащ. Абдеж щыжаIахэр къэлъытауэ, КъБР-м и Парламентым зэлэжьыпхъэхэр игъэбелджылащ.

Зэхыхьэр Iуэхугъуэ дахэкIэ зэхуащIыжащ. Лэскэн районым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIым къыхэкIыу, медаль хуагъэфэщащ КъБР-м и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым и унафэщIхэм ящыщ, Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэным и IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Джатэ Руслан. Дамыгъэр абы къритащ муниципалитетым и администрацэм и Iэтащхьэ Инжыжокъуэ Сэфарбий.

Спорт IуэхущIапIэхэм зыщаплъыхь

ЗэIущIэ нэужьым хьэщIэхэр щыIащ Дзэлыкъуэ районым и спорт IуэхущIапIэхэм. Япэу зыщаплъыхьащ узыншагъэр щрагъэфIакIуэ «Победа» IуэхущIапIэм. Ар яухуащ «Демография» лъэпкъ Iуэхум «Спортыр гъащIэм и хабзэщ» и федеральнэ проектым ипкъ иткIэ. Иджырей мардэхэм тету ящIа IуэхущIапIэм хэтщ псы есыкIэм, дзюдом, бэнэкIэ хуитым зыщыхуагъасэ пэшышхуэхэр. ПщIэншэу абы йокIуалIэ сабий 400-м нэблагъэ. Абдеж дыдэ гуп къыщызэрагъэпэщащ зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэм щадэлажьэу. «Победа»-м екIуалIэр сабийхэм я закъуэкъым, атIэ иджырей тренажёр пэшымрэ псы есыпIэмрэ я Iуэхутхьэбзэхэр балигъхэми къагъэсэбэпыну хуитщ. IуэхущIапIэм дохутырым и пэши хэтщ.

Губгъуэ джэгупIэр

КъыкIэлъыкIуэу зрагъэлъэгъуащ иужьрей технологиехэмкIэ ящIа губгъуэ джэгупIэр, «Спортым зегъэужьын» щIыналъэ проектым хыхьэу 2020 гъэум яухуар. Абы уэздыгъэ нэхухэр итщ, узыншагъэмкIэ шынагъуэншэу къызэгъэпэщащ къэжыхьыпIэр, зыщагъэпскI, зыщахуапэ пэшхэри хэтщ. Депутатхэм ягъэщIэгъуащ ГТО зэрат тренажёрхэр. Футболым абдеж зыщыхуагъасэ сабии 100-м нэблагъэм, илъэси 6-м къыщыщIэдзауэ 16-м нэс зи ныбжьхэм.

Стадионым щрагъэкIуэкI Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми Дзэлыкъуэ районми футболымкIэ я зэхьэзэхуэхэр, фестиваль зэмылIэужьыгъуэхэр.

ЕджапIэ нэхъыжьхэм ящыщ зы

Депутатхэр щыIащ республикэм и школ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ зым - 1924 гъэм Сэрмакъ къуажэм къыщызэIуахауэ щыта курыт школ №1-м. 2023 гъэм «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ Iуэхумрэ «КъБР-м школхэр щегъэфIэкIуэн» щIыналъэ проектымрэ япкъ иткIэ еджапIэм ухуэныгъэщIэ игъуэтащ. Метр зэбгъузэнатIэ 7647-м щIигъу къызэщIэзыубыдэ школым сабий 275-рэ щIохуэ. Щеджэ пэшхэр, биологиемкIэ, физикэмкIэ, химиемкIэ къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкI классхэр, спортым хухэхар, шхапIэр, лъэщапIэхэр - псори иджырей мардэм тетщ, щIэныгъэрэ гъэсэныгъэфIрэ сабийхэм щIахынымкIэ къызыхуэтыншэщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, пэшхэр иджырей егъэджэныгъэ Iэмалхэмрэ унэлъащIэхэмкIэ узэдащ, метр зэбгъузэнатIэ 1026-рэ хъууэ къедзылIа и щIыпIэм спорт джэгупIэу плIы итщ. 2025 гъэм щегъэжьауэ еджапIэм футболымрэ волейболымкIэ спорт клуб щолажьэ.

Мурадхэр зэрызрагъэхъулIар

Хъыбарегъащlэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм щепсалъэм, Егоровэ Татьянэ абыхэм яжриIащ зэIущIэр Дзэлыкъуэ районым щрагъэкIуэкIыну къыщыхахым депутатхэм зыхуагъэувыжа къалэнхэр. Абы къыхигъэщащ хабзэубзыху IуэхущIапIэм и къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэм хыхьэу, лэжьыгъэ IуэхукIэ щIыналъэхэм зэрыкIуэр, апхуэдэ щIыкIэкIэ нэхъ нэрылъагъу зэрыхъур щытыкIэр зыхуэдэмрэ гугъуехь щыIэхэм я хэкIыпIэхэмрэ.

- Сыт хуэдэ мурад дэ диIэр? Дауи, IуэхущIапIэхэр зыхунэсар зэдгъэлъагъунырщ. ЗэIущIэм къедгъэблэгъащ нэгъуэщI районхэм щыщхэри. Сыщогугъ нобэ мыбдеж щытлъэгъуахэр абыхэми къагъэсэбэпыну. Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ епха ди къалэн нэхъыщхьэр - цIыху нэхъыбэ абы къызэрыхэтшэнырщ, дедгъэхьэхынырщ. Аращ къуажэхэми мы Iуэхум зэрызыщегъэужьыпхъэм апхуэдизу дыщIытепсэлъыхьыр. Дзэлыкъуэ районым щытлъэгъуам дегъэгугъэ спортым хэт цIыхухэм я бжыгъэм дяпэкIи хэхъуэну, - къыхигъэщащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

● Зи ныбжь хэкIуэтахэм пщэдей я дунейпсо махуэщ

Нанэ Iумахуэ

Жэпуэгъуэ мазэм и 1-р зи ныбжь хэкIуэтахэм я дунейпсо я махуэщ. ФIыщIэ ин зыхуэфащэ ди нэхъыжьыфIхэм дохъуэхъу тхуэузыншэну дэри абыхэм я жьауэм дыщIэтыну.

ЗИ НЫБЖЬЫР илъэс 97-м нэблэгъа Тэрч къалэм щыпсэу нанэ Iумахуэ Мусейхэ Нинэ ящыщщ жьыщхьэ махуэ хъуахэм. Абы къызжиIахэм щыгъуэзэ фыхуэсщIмэ си гуапэщ.

Хэку зауэшхуэр къыщежьам Нинэ и ныбжьыр илъэс пщыкIутI хъууэ арат, ауэ а зэманым илъэгъуахэм щыщхэр IупщI дыдэу ещIэж.

- Школым етхуанэ классым сыщIэсу арат Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям. Абы щыгъуэ еджакIуэ цIыкIухэр ди нэхъыжьхэм дадэIэпыкъурт, щIытI дашэрт. Ар иджыпсту хуэдэу си нэгум щIэтщ, - жеIэ нанэм, и нэпсхэр хуэмыубыду къыфIыщIэжу.

- Дэ а зэман хьэлъэм тшэчамрэ дгъэвамрэ ди щIэблэм нэбгъузкIэ Тхьэм яримыгъэлъагъукIэ. А хьэкIэкхъуэкIэхэр лъахэм къыщиужьгъам ягугъат псори зэщIакъуэну, ди лъапсэм псы ирагъэжыхьыжыну. Ауэ къехъулIахэкъым, къыздикIам яхужащ. Хэкум папщIэ я псэр ятащ, ди щIалэ хъыжьэ куэдым, си дэлъху нэхъыжь мыгъуэри яхэту. Си адэм къуитI дигъэкIат зауэми, нэхъыжьыр зэраукIамкIэ хъыбар къыIэрыхьам си адэанэр игъэхыщIат, етIуанэ гуэрыр яукIауэ щызэхихым, гущIыхьэ хуэхъури куэд къигъэщIэжакъым си адэм. Ауэ, зауэр иуха нэужь, яукIауэ ягугъа си дэлъху нэхъыщIэр къэкIуэжат.

Нинэ къызыхэкIар унагъуэшхуэт, зэкъуэшиплIрэ зэшыпхъуитIрэ хъурти, и дэлъху нэхъыжьитI къэжэпхъар зауэм кIуат. Нинэ и адэр щылIэм, анэм и бгыр щIикъузэри, цIыкIу-цIыкIу защIэу сабийплI къыхуэнар зэщIипIащ.

А зэман хьэлъэм зы унагъуэм хуэзэу цIыхухъуиплI-тху дэзыгъэкIа щыIащ зауэм. Сытыт пщIэнур, уи Хэкум къиужьгъар ипхужын хуейтэкъэ?!

Нинэ зауэ нэужьым илъэс 17 хъууэ Мусейхэ я нысэ хъуащ. ЩIалэ дыдэми, унагъуэ хъарзынэ яухуащ и щхьэгъусэмрэ езымрэ зэдэIэпыкъуурэ. Абыхэм щIалищрэ зы хъыджэбзрэ зэдагъуэтат. Зэщхьэгъусэхэр жэщмахуэ ямыIэу лэжьыгъэм пэрыт пэтми, сабий гъэсэнми гулъытэшхуэ хуащIырт. Хабзэм, нэмысым, Хэкур фIыуэ лъагъун зэрыхуейм, нэхъыжьхэм пщIэ зэрахуэщIыпхъэм, пэжагъым хуаущийрт я щIэблэр. Нинэ и щхьэгъусэ Аслъэнбэч Курп Ищхъэрэ къуажэм гъэшхэкIхэм щелэжьыну ящIа заводышхуэм ягъакIуэрти, унагъуэри здишэри, зы зэманкIэ абы щылэжьащ. ИтIанэ зэщхьэгъусэхэр щылэжьащ Прохладнэм щыIэ мэз хозяйствэм. ИужькIэ, налмэсым зэрелэжь Iэмэпсымэ щащIу Тэрч къыщызэIуаха заводышхуэм Аслъэнбэч слесэру ягъэуващ. Нинэ Тэрч дэт сымаджэщым щIэлъхэр игъашхэу илъэс куэдкIэ щылэжьащ, пенсэ кIуами мытIысыжу. Илъэс 90 щыхъуам нэгъуджэ Iумылъу тхылъхэм, газетхэм еджэрт.

- Зэи къэхъуакъым, - жеIэ нанэ Iумахуэм, - махуэм хуэзэу напэ зыбгъупщI семыджауэ сыгъуэлъыжу. Лэжьыгъэ нэужьым газетхэри, журналхэри, тхылъхэри щIэзджыкIыу щытащ. Мы илъэс зытIум тIэкIу нэхъ щхьэхынэ сыхъуащи, аращ си гум къеуэр. Ди щIыналъэм газету къыщыдагъэкIыр си унагъуэм къихьэрт, зы дэзмыгъэхууи седжэрт. Иджы цIыхур еджэн мэщхьэх. Унагъуэ Iуэхури сабийхэри зыхуей хуэзгъазэрти, жэщыр хэкIуэтэху седжэу сыщыст, апхуэдизкIэ си псэм фIэфIти, - жеIэ Нинэ.

Еджэныр зи псэм хэлъ нанэм, и быниплIри емыджэу къэнэнт?! Псоми щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтащ, лэжьыгъэ IэнатIэфIи яIэщ, зэпэщуи мэпсэухэр.

Мусейхэ Нинэрэ и щхьэгъусэмрэ гъащIэ дахэ къызэдагъэщIащ икIи илъэс 57-кIэ зэдэпсэуауэ Аслъэнбэч дунейм ехыжащ. Абыхэм я быниплIым къатепщIыкIыжа къуэрылъхупхъурылъхухэр 35-рэ мэхъу. Дохъуэхъу нанэ Iумахуэм, и щIэблэм я гуфIэгъуэ илъагъуу, иджыри куэдрэ Мусейхэ я жьантIэм дэсыну.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

● ПэхуэщIэхэр

НэхъыфIхэм дахэтщ

Урысей Федерацэм и лъэпкъ пэхуэщIэхэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр зэрыщагъэзащIэ щIыкIэмкIэ япэ увыпIэхэр зыIыгъ щIыналъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэтщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, дызэрыт илъэсым республикэм щолажьэ щIыналъэ проекту 42-рэ икIи 2025 гъэм фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу «Управление» къэрал системэм къыщыгъэлъэгъуащ пэхуэщIэхэр гъэзэщIэным проценти 100-кIэ дехъулIэу.

УФ-м и щIыналъэхэм ящыщу 4-м апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр яIэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэту, икIи япэ увыпIэр абыхэм зэдагуэшащ. Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм хыхьэу Шэшэн республикэри абыхэм яхэхуащ.

ПэхуэщIэ 32-мкIэ ди щIыналъэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм хуаутIыпща мылъкур иджыпсту къагъэсэбэп. НобэкIэ лъэпкъ пэхуэщIэхэр гъэзэщIэным хухаха ахъшэр псори зэхэту сом мелуани 10774,9-рэ мэхъу. Абы и нэхъыбэр хуаутIыпщ КъБР-м и социальнэ объектхэр зэIузэпэщ щIынымрэ ухуэныгъэмрэ хуэунэтIа лэжьыгъэхэм.

Абыхэм къызэщIаубыдэ объекти 120-м щIигъу, сабий садхэр ухуэныр, курыт еджапIэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыныр, ЩэнхабзэмкIэ унэхэр зэпэщ щIыныр, сымаджэщхэр ухуэныр, щыIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыныр, цIыхухэр куэду щызэхуэс щIыпIэхэр зэIузэпэщ щIыныр хэту.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

Дыщэпс кърегъэжэх

США-м и президент Трамп Дональд администрацэм и къулыкъущIэхэр щызэIущIэ пэшымрэ Овальнэ кабинетымрэ дыщэ хьэпшыпхэмкIэ зэригъэщIэрэщIар къигъэлъэгъуащ. Абы зэрыжиIэмкIэ, «псори делэ ещI» пэшым иIэ хъуа теплъэм.

Мэлыжьыхьым Трамп интервью щитам къыхигъэщауэ щытащ езым и мылъкукIэ «Унэ хужьым» и кIуэцIыр къызэригъэщIэрэщIэжар, дыщэ карат 24-кIэ ар зэригъэдэхар. «Хамэ къэрал унафэщIхэр «делэ мэхъу» пэшхэм я дахагъэр щалъагъукIэ. И ехъулIэныгъэкIи дахагъэкIи ди Овальнэ пэшым къефIэкIын дунейм темыт!» - щитхащ социальнэ сетхэм Президентым. Зытепсэлъыхь дахагъэр щIигъэбыдэжу, абы видео и тхыгъэм щIигъужащ, и стIолыщхьэм телъ дыщэ хьэпшыпхэр къищу.

Нэхъ ипэкIэ Wall Street Journal газетым къытридзауэ щытащ Трамп Унэ хужьым Iэпхъуэжа нэужь, президент хэщIапIэм и теплъэм дыщэ хьэпшыпхэр куэду абы къызэрыщигъэсэбэпар, езым Флоридэ щиIэ Мар-а-Лаго и щIапIэм иригъэщхьу. Апхуэдэуи Трамп езымрэ вице-президент Джей Ди Вэнсрэ я сурэтхэр дыщэпс зытегъэлъэда сурэтылъэм иригъэлъхьащ. Трамп езым и нэIэ тригъэтащ жьэгу дапхъэм дыщэ сурэт хэбзыкIахэр зэрытрагъэувам. Абы и щIапIэм кърихащ дыщэ мелыIычхэри. Джо Байден Президенту щыщытам администрацэм и жьэгу дапхъэр къэкIыгъэхэм ягъэдахэу щытащ.

Ахъшэр къабжыжынущ

Ныкъуэдыкъуэхэм, ветеранхэм, Урысейм и лIыхъужьхэм зэрызыщIагъакъуэмрэ нэгъуэщI дэIэпыкъуныгъэхэмрэ 2026 гъэм мазаем и 1-м къабжыжынущ ахъшэр пуд зэрыхъуам елъытауэ.

«МАЗАЕМ и 1-м къыщыщIэдзауэ ныкъуэдыкъуагъ зиIэхэм, Совет Союзым и Лыхъужьхэм, Урысейм и лIыхъужьхэм, Социалист Лэжьыгъэм и лIыхъужьхэм, Урысейм ЛэжьыгъэмкIэ и лIыхъужьхэм, АнэлIыхъужьхэм, радиацэм фэбжь хэзыхахэм мазэ къэс зэрызащIэдгъакъуэ ахъшэр къэдбжыжынущ, - щыжаIащ Урысейм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм.

ФокIадэм и 30, *гъубж*

♦ **ЗэдзэкIакIуэм и дунейпсо махуэщ**

♦ **Абхъаз Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - Куржы-Абхъаз зауэм къыщихьа ТекIуэныгъэр егъэлъапIэ**

♦ **1930 гъэм** къалъхуащ США-м щыIэ Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм жыджэру хэта, егъэджакIуэ **Хьэвжокъуэ Маждэ**.

♦ **1947 гъэм** къалъхуащ Сирием шынагъуэншагъэмкIэ и къарухэм я генерал-полковник, жылагъуэ лэжьакIуэ **Абазэ Уэлид**.

♦ **1952 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, публицист, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта **Мэз Сусаннэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 10, жэщым градуси 9 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 1, *бэрэжьей*

♦ **Зи ныбжь хэкIуэтахэм я дунейпсо махуэщ**

♦ **Макъамэм и дунейпсо махуэщ**

♦ **Кофем и дунейпсо махуэщ**

♦ **УФ-м и лъэсыдзэхэм я махуэщ**

♦ **1906 гъэм** къалъхуащ къэбэрдей тхакIуэ, драматург **Нало Жансэхъу**.

♦ **1937 гъэм** къалъхуащ дзэ къулыкъущIэ, генерал-майор **Хъуэт Владимир**.

♦ **1945 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ **Къущхьэ Амырхъан**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 10 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Гъуэгу техьэ къытенэркъым

... 1994 гъэр екIуэкIырт. Радиом и адыгэ къудамэм мэкъумэш Iуэхур сэрат зи пщэ илъри, зы пщэдджыжь гуэрым, сытегушхуэри, Правительствэм и Унэм сыкIуащ, министр Къущхьэ Амырхъан къэзгъэпсэлъэну си мураду. СыздэкIуам унафэщIым и пэIущIэ пэшым цIыху зыхыбл щIэст. Министрым и бжэр дамэдазэу Iухати, абы къыщIэIукI псалъэмакъри зэхэпхырт. ЗыкъомыфIрэ сыпэплъащ, хуит къэхъумэ сыщIыхьэну си мураду. «Мы сэ слъагъур кIыхьлIыхь хъунущ», - жысIэщ, зылI къыщIэкIыжауэ нэгъуэщI щыщIыхьэм иужь сиувэри зыщIэзгъэхуащ. «Мыри хэту пIэрэ?» жыхуиIэу къыщызэплъым, сыздикIари сыщIэкIуари гурызгъэIуащ. «Ар хъарзынэт, - жиIащ Амырхъан, - ауэ щIэх хуит сыкъэхъуну си фIэщ хъуркъым. Приемнэм щIэс къомыр плъагъуркъэ? Пщэдджыжь укъэкIуэфын?» «СыкъэкIуэнщ». «НтIэ, сыхьэтиблхэм укъэсу къекIуалIэ, цIыхур къызэхуэмыс щIыкIэ». Абы щыгъуэ общежит сыщIэсу Искож хьэблэкIэрат сызыдэсыр, автобус зэхъуэкI сщIын хуей хъунут. А жыхуиIа пIалъэм сыкъимытIэсэнкIэ зэрыхъунур убжесIэм: «НтIэ, ущыпсэур мыбы итхэ, пщэдджыжь лэжьапIэ сыкъыщыкIуэкIэ сыныIулъэдэнщи укъыздэсщтэнщ», - жери тхылъымпIэ кIапэ къызитащ. Пэжыр жысIэнщи, си фIэщ хъущакъым абы жиIар, «Ар дауэ, министрыр си деж ныIухьэу и машинэмкIэ сыкъыдришеинуи?»

Дауэ щымытми, етIуанэ пщэдджыжьым балконым сыкъоувэ. Сыхьэтыр 7 хъуным дакъикъэ 20 иIэжу унэ бжэIупэм къыщоувыIэ УАЗ автомашинэри, Амырхъан къокI. ЗэрызгъэщIэгъуэнур сымыщIэу, сожэхри сотIысхьэ и машинэм...

Абы щыгъуэ щыгъуазэ сызэрыхъуамкIэ, курыт еджапIэ нэужьым Амырхъан щIотIысхьэ инженерхэр щагъэхьэзыру ди университетым иIэ къудамэм. Абы щIашри, дзэм къулыкъу щищIэну яшэ. ИлъэсищкIэ ар ирехьэкI, къегъэзэжри, зыщIэса факультетым еджэным щыпещэж. И дуней тетыкIэкIэ, и жэрдэмкIэ, и жыджэрагъкIэ щIалэр къахэпэжыкIырт адрей студентхэм.

1972 гъэм ар къеухри, IэщIагъэлI щIалэм инженеру лэжьэн щрегъажьэ Бахъсэн щыIэ «Лимб» заводым. Абы илъэситIкIэ нэхъ щымыIэу, мэув Налшык и щIыналъэзэхуакуэ «Мэкъумэш техникэ» объединенэм. ЯпэщIыкIэ инженер къызэрыгуэкIыу. Абы и лэжьэкIэр зылъэгъуа, а IуэхущIапIэм и Iэтащхьэ Ахъмэт Мусэбий щIалэщIэр дрегъэкIуэтей: япэщIыкIэ инженер нэхъыжь мэхъу, ауэрэ автобазэм и тхьэмадэ, иужькIэ инженер нэхъыщхьэ, 1976 гъэм IэнатIэм и унафэщI ящI. Абы щыгъуэ нэхъри IупщI хъуат Къущхьэм зэфIэкIышхуэ зэрыбгъэдэлъыр.

- Сэ цIыху хъарзынэ куэдым, унафэщI зыкъомым садэлэжьащ, - жеIэ Амырхъан, - ауэ Ахъмэт Мусэбий псоми япэ изгъэувэнт. Хуабжьу лэжьакIуэшхуэт. И щхьэ Iуэхум япэ иригъэщырт къэрал Iуэхур. Апхуэдизкlэ акъыл жан иIэти, си фIэщ хъуртэкъым абы зыхимыщIыкI Iуэху гуэри дунейм щызекIуэу. ПщIэ хуищIырт, фIыуэ илъагъурт лэжьакIуэ тэмэмыр. Псом хуэмыдэу и нэIэ ятетт щIалэгъуалэм. Абыхэм гъуэгу яритмэ, къулыкъу нэхъ лъагэIуэ яхуигъэфащэмэ, и бын дригъэкIуэтеяуэ къыщыхъурт.

Зы IэнатIи и Iуэху дэкIынукъым, абы IэщIагъэлI тэмэм унафэщIу имыIэмэ. Арауэ къыщIэкIынщ къызэгъэпэщакIуэфIу зыкъэзыгъэлъэгъуа Къущхьэ Амырхъан Лэскэн ЕтIуанэм дэт совхозым и нэхъыжьу щIагъэкIуари. А IэнатIэр пщэрылъ къыщыхуащIам хозяйствэм пхъэщхьэмыщхьэу къыщрахьэлIэр тонн 900-м фIэкIыртэкъым, гъэшу я жэмхэм илъэсым къахущIэшри мащIэ дыдэт. Зэманышхуэ дэмыкIыу совхозым и Iуэхур ефIэкIуащ: пхъэщхьэмыщхьэу къайхьулIэр тонн мини 3-м щIрагъэгъуащ, зы жэмым шэуэ илъэсым къыщIашри литр минищым нахусащ. А бжыгъэхэр щыхьэт техъуэркъэ унафэщIым и Iэзагъэм, и жэрдэмым, цIыху лэжьакIуэр къызэрыдихьэхым, къызэригъэдэIуэфым, нэгъуэщIу жыпIэмэ и Iуэху зехьэкIэм куэд зэрелъытам? А IэнатIэр абы зэрихьащ илъэс зытхухкIэ ...

1986 гъэм Къущхьэр ягъэкIуэж и жылэжьым, Аушыджэр, абы дэт совхозыр къэрагъэIэтыжыну къыщыгугъыу. Зы илъэс закъуэщ Амырхъан и жылэм зэрыщагъэIар. Ауэ а зэман кIэщIым хозяйствэм и Iуэхур тэмэму зэтриублэжащ, къуажэдэсхэр зыщыгуфIыкIын Iуэху щхьэпэ зыбжанэ яхуищIащ. КъызэрызэрагъэпэщрэхэщIыныгъэ фIэкIа зимыIэу къэгъуэгурыкIуа совхозым зы илъэсым хэхъуэшхуэ зригъэхъулIащ, ятелъ щIыхуэр, сом мелуанрэ ныкъуэм щIигъур, япшынащ. Зэи а хозяйствэм къыщымыхъуауэ, а гъэм ахъшэ саугъэтышхуэ хуагуэшащ хозяйствэм и лэжьакIуэхэм.



Къыхэгъэщыпхъэщ социальнэ Iуэхугъуэхэми совхоз Iэтащхьэм и фIыгъэкIэ, и жэрдэмкIэ гулъытэ хэха зэригъуэтар. Бын куэд зиIэ лэжьакIуэхэм я унагъуэхэм псэупIэ екIуэхэр хуащIащ, къуажэ гъуэгухэм щыщу километр зыбжанэм асфалът тралъхьащ, Шэрэдж псыежэхыр къиууэрэ, зэраныгъэшхуэ цIыхум къахуихьырти, а Iуэхури зэтес ищIащ, совхозым и бохэр зэрагъэпэщыжащ, канализацэр лажьэу яутIыпщыжащ, жылэм газыр щызэбграшащ.

Езым фIэмыфIыщэу, 1987 гъэм Къущхьэр ягъакIуэ нэгъуэщI IэнатIэ: Къэбэрдей-Балъкъэр Агропромышленнэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ къалэныр и пщэ къыдалъхьэ. Илъэс ныкъуэ докIри, комитетым и унафэщIым и япэ къуэдзэ - министр мэхъу. Ар илъэсиплIкIэ зэрихьауэ, пIалъэ кIэщIкIэ нэгъуэщI IуэхущIапIэ макIуэ. Ауэ мазих нэхъ дэмыкIыу, республикэм и унафэщIхэм я лъэIукIэ, мэкъумэш хозяйствэмкIэ министру мэув. А зэманым, 90 гъэхэм и япэ илъэсхэм, республикэм и министерствэхэм яхэту къыщIэкIынтэкъым а IэнатIэм нэхърэ нэхъ гугъу.

Мэкъумэш IуэхумкIэ министерствэм и Iэтащхьэу щыщыта лъэхъэнэм Къущхьэм IуэхуфIу ищIар Iэджэ мэхъу. Зэманым къигъэув къалэнхэр зэфIигъэкIыу, лэжьэкIэщIэхэр IэнатIэхэм хэпщэным и акъылымрэ и зэфIэкIымрэ пэлъэщу игъэзэщIащ и пщэ дэлъ хьэкъыр. ИлъэсиплIкIэ а Iуэхур зэрихьа нэужь, Амырхъан и IэнатIэр ихъуэжри, къыхуагъэфэща лэжьыгъэ зыбжанэм пэрытащ. Ар щытащ къэралым и Президентым уполномоченнэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэм и чэнджэщэгъуу, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэ къалэнри и пщэ дэлъащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутатуи хахащ.

Къущхьэм Iэмал къигъуэтырт жылагъуэ гъащIэми хэлIыфIыхьыну. Абы куэд зэфIигъэкIащ шы спортыр ди республикэм къыщыIэтыным, адыгэшым и пщIэр зэфIэгъэувэжыным теухуауэ. Псом хуэмыдэу Амырхъан къаруушхуэ ирихьэлIащ «Спартак» футбол командэ дэхуэхар зэрыхуа щытыкIэ гугъум къишыжыным ехьэлIауэ. Правительствэм и унафэкIэ ар ягъэуващ «Спартак» профессиональнэ футбол клубым (ПФК) и президенту. Абы хузэфIэкIащ ар къэгъэщIэрэщIэжыным текIуэдэну мылъкушхуэр къиугъуеини. А къалэныр и пщэ дэлъащ илъэситхукIэ. Амырхъан зригъэхъулIащ унафэщIхэри, футболыр фIыуэ зылъагъухэри къызэрыщыгугъыр: зыхэт 2-нэ лигэм бжьыпэр щиубыдри, ди командэм хуитыныгъэ игъуэтащ 1995 гъэм япэ лигэм щыджэгуну.

Къущхьэхэ нэхъ лъэпкъышхуэхэм ящыщщ. Дэнэ щIыпIи щыпсэу зэIыхьлы-зэунэкъуэщхэр зэрыгъэцIыхужыным, нэхъ гъунэгъуу зэшэлIэжыным теухуауэ Амырхъан лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ. Къущхьэхэ я япэ зэхуэсышхуэр къызэрызэрагъэпэщрэ блэкIа илъэс 30-м кърибыдэу лъэпкъ зэгухьэныгъэр щIэгъэкъуэн зыхуэхъуахэм я бжыгъэр Iэджэ мэхъу: хуэмыщIахэм, хамэ къэрал къикIыжа я унэкъуэщхэм, еджапIэ нэхъыщхьэ щIэтIысхьэхэм, спорт зэхьэзэхуэ хэтыну гъуэгуанэ теувэхэм, - дэтхэнэр жыпIэн. А Iуэхухэм нэхъыбэу хэлIыфIыхьар Амырхъанщ жыпIэми ущыуэнукъым.

А лIыр къэухьышхуэ зиIэ цIыхуу зэрыщытым теухуауэ щапхъэ куэд къыпхуэхьынущ. Абы и щIасэщ литературэри, щэнхабзэри, философиери, адыгэм ди тхыдэри. Уеблэмэ, зэджа тхылъхэм и гум нэхъ кIэрыпщIауэ хэт пычыгъуэхэр, сатырхэр къыхитхыкI и хабзэщ. Псалъэм папщIэ, абы и стIолым телъ тхылъымпIэхэм яхэлъщ Гамзатов Расул и усэм, урыс классик Васильев Борис и повестым къыхитхыкIа Iыхьэ, пасэрей философ цIэрыIуэ Конфуций сымэ, нэгъуэщIхэми я жыIэгъуэхэм щыщ Iэрамэ. И лэжьапIэ пэшым тхылъ зэхуэмыдэхэр щIэзщ.

И лъым хэпщауэ, зэрысабийрэ Амырхъан къогъуэгурыкIуэ цIыху къызэрыгуэкIыу - чэнджэщкIи IуэхукIи зыкъыхуэзыгъазэхэм защидзейуэ и хьэлкъым, зэрыхузэфIэкIкIэ защIегъакъуэ, лей къызытехьэм къыщхьэщож, къулыкъушхуэ щиIыгъа зэманми и дуней тетыкIам зихъуэжакъым: «сыминистрщ» жиIэу къищтакъым имыхьэл. ХуэмыфащэIу къилъытэмэ, къулыкъушхуэ иIыгъщ жиIэу, унафэщIышхуэм пщIэ хуищIыркъым, пцIыIуэпцIыши, мылъкум тегужьеикIа щхьэхуещи, цIыхугъэ, адыгагъэ зыхэмылъри хьэсэгъу хуэхъунукъым. Iыхьлыр, благъэр, ныбжьэгъур зэи IэщIыб ищIыркъым. КIуэаракъэ, игури и псэри фIы щIэным, дахагъэм, пэжыгъэм хузэIухауэ, «ярэби, цIыхум хэлъыпхъэ хьэлыфI псори мыбы и деж щызэхуэмыхьэсауэ пIэрэ» жыпIэу, и гъащIэ Iыхьэр ирехьэкI...

Ди экономикэм, мэкъумэш IэнатIэм зегъэужьыным хэлIыфIыхьа Къущхьэ Амырхъан къыхуагъэфэщащ ди республикэм и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр. Ар Дунейпсо Адыгэ Академием щIыхь зиIэ и академикщ.

... Бжыхьэку мазэм, жэпуэгъуэм 1-м, зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъу, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Къущхьэ Амырхъан и гъащIэ гъуэгуанэм уриплъэжрэ и лэжьыгъэр гукIэ зэбгъэзэхуэжмэ, узэгупсысыращ: ди республикэм и IэнатIэ псоми апхуэдэ цIыху щыпкъэхэр унафэщIу Iутамэ, тобэ ирехъуи, Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъри зиужьынт, цIыхубэм я псэукIэри куэдкIэ нэхъыфI хъунт.

САУТ СулътIан.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гъуэмылэпэм еIэзэ, гъуэмылэкIэм езауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэр, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэр, «Советская молодёжь», «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-р, «КъБР-Инфо» хъыбарегъащIэ агентствэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр яхуогузавэ «Советская молодежь» газетым жэуап зыхь и секретарь **Къардэн Маринэ Абиссин и пхъум** абы и анэ **Къардэн Любэ Астемыр и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Ислъамым и нур

ПIанэпэр зыгъэхьэзырар ЧЭРИМ Марианнэщ

ФIым уезышалIэ лъагъуэм я нэхъ кIэщIыр

Шэрихьэт щIэныгъэхэмкIэ доктор, Iимам Щхьэныкъуэ Анзор и хъутIбэр теухуащ муслъымэным пагагъэмрэ къызыфIэщIыжынымрэ зыщихъумэху, Алыхьталэм хуэгъэза и гъуэгур нэхъ хуиту къызэрызэIукIым.

СЫТ ХУЭДИЗ щIэныгъэ цIыхум бгъэдэмылъами, сыт хуэдиз зэфIэкIрэ IэпкълъэпкъкъарурэимыIами, абы зыщигъэгъупщэ хъунукъым а псори, япэрауэ, къызыбгъэдэкIыжыр Алыхь Инрауэ зэрыщытыр. ЕтIуанэрауэ, Алыхь Иным и щIэныгъэм, и зэфIэкIым, и къарум елъытауэ, цIыхум бгъэдэлъыр зырикIщ. ЗищIысыр ищIэжу, и къэухьыр здынэсыр къыгурыIуэжрэ зыкъищIэжмэ, итIанэ абы тету псэумэ, цIыхум и насыпщ. Алыхьым абы къыхуищIамрэ езым Алыхьым и цIэкIэ ищIэр зэрымащIэмрэ къыгурыIуэжмэ, абы и щхьэр иримыхьэхынкIэ, и IуэхущIафэми иримыукIытэжынкIэ Iэмал иIэкъым. Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам жеIэ: «Уафэ къатиблым зы лъакъуэ тегъэувапIэ хуэдизи, зы бжьиз, зы Iэбэлагъ хуэдизи щIыпIэ иIэкъым, абдежым Алыхьым хуэлажьэ мелыIыч темыту. Хэт щыту хуолажьэ, хэт сэждэм щыIэу, хэт зигъэщхъыу. Къемэт Махуэр къэсмэ, абыхэм псоми Тхьэшхуэм зыхуагъазэнурэ жаIэнущ: «Зэрыпхуэфащэм хуэдэу дыпхуэлэжьэфакъым».

Уафэ къатиблыр зи инагъым Алыхьым хуэмылажьэу зы щIыпIэ зэрыщымыIэр икъукIэ хьэлэмэтщ. Езэш ямыIэу мелыIычхэр Тхьэм хуэлажьэрэ пэт, я щхьэр ехьэхауэ, ящIар яфIэмащIэу, Къемэт Махуэм зэрекIуэлIэжынури нэгъуэщI хьэлэмэтщ. ЦIыхум къыхуащIэр зэрыкуэдыр, а куэдым хуэфэщэж IуэхущIафэ къызэримыгъэлъэгъуэфыр къыгурыIуэжу, абы егупсысу дунейм тетмэ, ар къабзэу Алыхьым деж кIуэжыну гугъэшхуэ щыIэщ. Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам адрей духьэ псоми къахихащ «Истигъфархэм я зиусхьэн» жыхуиIэр. Абыи къыхощ нобэ зи гугъу тщIы гупсысэр. Мыпхуэдэу къыщокIуэ а духьэм: «Ялыхь, Уэращ си Тхьэр, Уэр нэмыщI Тхьэ щыIэкъым, Уэ сыкъэбгъэщIащ, сэ Уэ срыуипщылIщ. Сэ псалъэ уэстами укъызэрызгъэгугъами зэрысхузэфIэкIкIэ сытетщ, къысIэщIэщIам и Iейм сыщыпхъумэжыну сынолъэIу». АдэкIэ къокIуэ: «Уэ укъызэрысхуэупса фIыгъуэр зыхызощIэ, гуэныхь зэрызиIэри сощIэ». Мис а иужьрей псалъэхэм къахощ нобэ зытедгъэчыныхь гупсысэр. ЦIыхум къыхуащIа фIыгъуэр зыхищIэмэ, ар къыздикIыр ищIэмэ, абы Алыхьым фIыщIэ хуищIынущ, къэзыгъэщIари фIыуэ илъагъунущ. Абы хэту езым ныкъусаныгъэшхуэ зэрыбгъэдэлъыр, гуэныхь куэди къызэрыбгъэдэкIыр ищIэжмэ, цIыхум зришэхынущ, тобэ къихьыжынущ, зыкъыфIэщIыжынукъым, зыгуэруи зыкъыщыхъужынукъым.

ЦIыхум нэхъ зришэхыхукIэ, Алыхьым деж нэхъ лъагэ, нэхъ лъапIэ щохъу. ЦIыхум и щхьэр щIым трилъхьэу, сэждэм кIуэуэ Тхьэшхуэм щелъэIум деж, абы щыгъуэщ нэхъ пэгъунэгъу щыхуэхъури, и духьэр нэхъ щынэсри. Гузэвэгъуэм хэхуэу, IэмалыншэдыдэщыхъуамдежлъэIуанэужькIэщидухьэрАлыхьым деж нэхъ щынэсри щыIихри. Абыи хэлъ щхьэусыгъуэр аращ.

Апхуэдэу нэхъ къызэрыгуэкIыу щытыху, зи щхьэр ехьэха цIыхур Алыхьым деж нэхъ лъапIэ зэрыщыхъум хуэдэ дыдэу, цIыхухэм я деж зи пщIэр нэхъ щылъагэри, цIыхухэм нэхъыфIу ялъагъури къызэрыгуэкIращ. Зыкъыхигъэщыну, зигъэпIиину зыфIэмыфIырщ.

Iимам Шафихьий и псалъэу къаIуэтэж: «Псом нэхърэ зи пщIэр нэхъ лъагэр пщIэ гуэр иIэу къызыщымыхъужращ. Псом нэхърэ нэхъыбэ фIы зыбгъэдэлъри, фIы гуэр бгъэдэлъу къызыщымыхъужырщ».

Алыхьым и арэзыныгъэр къэблэжьыну ухуеймэ, нэхъ кIэщI дыдэу уезышэлIэну гъуэгур мис мы нобэ къыхэдгъэщ гупсысэрщ: зепшэхын, зыкъыпфIэмыщIыжын, зыгуэр уриищIысу къыпщымыхъужын. Жэщи махуи дин Iуэхум пэрытым, зи махуэр нэщIкIэ, зи жэщыр нэмэзкIэ гъащIэр зыхьым япэ ищыжынкIи хъунущ зи гуэныхьым теукIытыхьыжу, ищIам теухуауэ и щхьэр здихьынур имыщIэжу, хуэщIэр фIэмащIэу дунейм тет цIыхур. Зи щхьэм хуэмыарэзыжым Алыхьыр арэзы къыхуэхъунущ. Зи щхьэм къыхуэгубжьыжыр Алыхьым и губжьым щихъумэнущи, Алыхьым и арэзыныгъэр къэдлэжьыфыну, и губжьми дыкъелыфыну езы Алыхьым долъэIу.

Яхья теухуа хъыбархэр

Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Яхья къызэрыкIуар журтхэм я бегъымбарущ, Гьисэ лъапIэр и ужь иту къызэрыкIуэмкIэ журтхэм хъыбар пэж езыгъэщIари аращ. Ауэ абы и цIэр Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа Ибрэхьим къыдэкIуа динищми къыхощ: журтхэми, чыристанхэми, ислъам динми игъэлъапIэ цIыхущ.

ЯХЬЯ лъапIэр нэхъ гъунэгъуу зэдгъэцIыхунымкIэ сэбэп къытхуохъу Ибн Кэсир и тафсир цIэрыIуэр. ЗэрытщIэщи, Яхья къызыхуэхъуар бын къыщIэмыхъуэу жьы хъужа Зэчрей бегъымбарырщ. Ар зэрыхъуар КъурIэн лъапIэм и Iэят зыбжанэм къыщокIуэ.

«Алыхьталэм «Яхья» зи цIэ щIалэ цIыкIу узэриIэнумкIэ уегъэгуфIэ, а цIэр иджыри къэс зыми фIэтщакъым», - къыжриIа нэужь, Зэчрей къэуIэбжьауэ жэуап иритащ: «Си Тхьэ! Дэнэ сэ щIалэ цIыкIу къыздисхынур, си щхьэгъусэм бын къыщIэхъуэркъым, сэри кхъахэ сыхъуащ». ЗэрыжаIэмкIэ, Зэчрей а зэманым илъэс 70 хъуакIэт. АрщхьэкIэ жэуап къыхуэкIуащ: «Ар къэхъунущ! Уи Тхьэм жиIащ: «Ар си дежкIэ тыншщ, уэри укъэзгъэщIын ипэ ущыIакъым».

«А псалъэхэр къызэрыбгурыIуэн хуейраща, - жеIэ Ибн Кэсир, - Си къарур апхуэдизкIэ инщи, къуэ уэстынри схузэфIэкIынущ, жьы ухъуа щхьэкIэ къэмынэу».

Мы хъыбарыр куэдым куэдрэ жаIэжащ, ауэ дигу къыщIэдгъэкIыжыр Ибн Кэсир Яхья бгъэдэлъа щэныфIагъым хужиIахэр зэдгъащIэу, дэри щапхъэ зыхуэтщIын папщIэщ.

Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам жиIауэ къаIуэтэж:

«Зэчрей и къуэ Яхья Алыхьталэм Iуэхугъуитхум тетыну, журтхэми апхуэдэ унафэ яхуищIыну къыжриIат. ЩIалэм зрилъэфыхьырти, Хьисэ лъапIэм къыжриIащ: «Iуэхугъуитхум утетыну, ар журтхэми зыхебгъэлъхьэну къыщыбжиIакIэ, гъэзащIэ ар, армыхъумэ, сэ яжесIэнущ».

Яхья жиIащ: «Уа си къуэш, си япэ уищмэ, щIым сыщIилъэфэнкIэ е тезыр къыстехуэнкIэ сошынэ». Арати, Яхья журтхэр Къудус Iуащхьэм деж щызэхуишэсщ, Тхьэм фIыщIэ хуищIри, псэлъэн щIидзащ: «Тхьэ Лъагэм Iуэхугъуитхум сытетыну, фэри абы фыкъыхуезджэну унафэ къысхуищIащ. Япэрауэ, Тхьэм фыхуэпщылI, Абы гуэгъу иIэуи фи фIэщ фымыщI. Алыхьым фыкъигъэщIри, фызыхуей псори къыивитащи, фыхуэжыIэщIэ, нэгъуэщI къэвмылъыхъуэу! Нэмэз фщIы, сыту жыпIэмэ, Алыхьым и гупэр зыхуигъазэр Езым къелъэIу и пщылIырщ. Арищи, нэгъуэщIыпIэкIэ зывмыгъазэ. Иджыри унафэ фхузощI нэщI фIыгъыну. НэщI ис цIыхур мускус зэрылъ къэп цIыкIу зыIыгъым ещхьщ, и мэ дахэр псоми къащIихьэу. Абы и жьэм къыжьэдих мэр Алыхьталэм дежкIэ мускусымэм нэхърэ нэхъ гуакIуэжщ.

Иджыри фыкъыхузоджэ сэдэкъэ вгуэшыным, сыту жыпIэмэ, сэдэкъэ зытыр бийм гъэру иубыдам ещхьщ. И Iэхэр и пщэм ирапхри, ар утыкум кърашащ, и щхьэр паупщIыну. АрщхьэкIэ езым жеIэ: «Си щхьэр къэсщэхужмэ, вдэну?» Сэдэкъэр мис апхуэдэ щхьэщэхужыпщIэ хуохъу цIыхум.

Иджыри фыкъыхузоджэ куэдрэ Алыхьу Лъэщыр икIи Лъагэр фигу къэвгъэкIыжыну, сыту жыпIэмэ, апхуэдэ цIыхур бийм ирахужьауэ яхурэ пэт, быдапIэм зыщIэзыдзэу къелам хуэдэщ. ШейтIаным нэхъ щыхъума хъури, нэхъыбэрэ Алыхьталэм и цIэр къизыIуэрщ.

Ахэр игу къигъэкIыжрэ пэт, Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам жиIащ: «Сэри Алыхьталэм сызытетыну унафэ къысхуищIа Iуэхугъуитхум фыкъыхузоджэ: фызэгурыIуэ, фыдаIуэ, жыIэщIэу фыщыт, Алыхьым и хьэтыркIэ фыIэпхъуэ *(зи гугъу ищIыр ислъам диныр дакъуззу щыщытарщ* - **Ч. М.)**, фхузэфIэкI фщIэ. ЗэгурыIуэным зы бжьизкIэ тебэкъукIыр ислъам динми тебэкъукIынущ, пасэрей хабзэжьхэм тетыну мурад зыщIыр жыхьэнмэр зэрагъэплъыну мывэхэм яхэхуэнущ».

- Нэмэз ищIами, нэщI иIыгъами хэхуэну? – жаIэри, еупщIати, жэуап къаритащ:

- Нэмэз ищIами, нэщI иIыгъами, «сымуслъымэнщ» жиIэми».

Лъэужь нэху къэзыгъэна бзылъхугъэ

• Фэеплъ

ФIыуэ плъагъу, пщIэ зыхуэпщI ныбжьэгъур зэрыщымыIэжым и хъыбарыр дапщэщи гур зыкъуз, псэр зыгъэгыз Iуэхугъуэщ. А гуауэр гущIыхьэ зыщыхъуахэм иджыри куэдрэ къадокIуэкI дунейм ехыжам я гъащIэм къыщигъэна нэхугъэр, хэлъа псэ къабзагъэр, иIа гу зэIухар, дуней еплъыкIэрэ хабзэу бгъэдэлъахэр, а псори зыми хуамыгъадэ фIыгъуэ нэхуу ялъытэу.

АПХУЭДЭ хэщIыныгъэ хьэлъэ куэдым я дежкIэ хъуащ цIыху хьэлэмэту, бзылъхугъэ щыпкъэу дунейм тета, хэкупсэ нэсу зи гъащIэр зыхьа, УФ-м и Социальнэ фондым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ къудамэм и лэжьакIуэ пашэу, а IэнатIэм Дзэлыкъуэ щIыналъэм щиIэ IуэхущIапIэм и унафэщIу щыта Мамбэт (Къардэн) Люсэ Хъусен и пхъум и щымыIэжыныгъэр.

Люсэ Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкъуэ жылэшхуэм къыщалъухащ 1962 гъэм и бадзэуэгъуэм и 15-м. Адыгэ хабзэ дахэ зэрылъ унагъуэшхуэм къыщыхъуа хъыджэбзым зыхилъхьащ и адэ-анэу Къардэн Хъусенрэ Нюрэрэ, и анэкъылъху нэхъыжьхэм яхэлъа хьэл-щэн дахэхэм я нэхъыфIхэр. Еджэным зи псэр хузэIуха пщащэм къуажэм дэт курыт школ №1-р ехъулIэныгъэкIэ къиухри, КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым щIэныгъэ нэхъыщхьэ 1984 гъэм щызригъэгъуэтащ. «Филолог», «егъэджакIуэ» IэщIагъэм ирилажьэу IэнатIэ пэрыуващ, щIэблэм анэдэлъхубзэр ярригъэджу. ИужькIэ унагъуэ ихьэри, Мамбэтхэ я нысэ хъуащ.

ЩIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ Люсэ 1996 гъэм къиухащ Кавказ Ищхъэрэм Къэрал къулыкъумкIэ и академиер. Лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу зыкъэзыгъэлъэгъуа Мамбэтыр абы иужькIэ куэд дэмыкIыу ягъэуващ УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IэнатIэм Дзэлыкъуэ районым щиIэ къудамэм и унафэщIу. Социальнэ мыхьэнэ зиIэ а IэнатIэ мытыншыр Люсэ къызыхуэтыншэу илъэс 25-м нэскIэ ирихьэкIащ, и къалэнхэр зэфIэхынымкIэ жэуаплыныгъэ лъагэ зыхищIэу, къыдэлажьэхэм я деж, жылагъуэм пщIэрэ нэмысрэ щиIэу.

Зыпэрыт лэжьыгъэшхуэм къыдэкIуэу Мамбэтыр жыджэру хэтащ Дзэлыкъуэ районым, республикэм щекIуэкI жылагъуэ гъащIэм. ЦIыхубэм я дзыхь кърагъэзу, Люсэ мызэ-мытIэу хахащ щIыналъэ гъэзэщIакIуэ комитетым и депутату, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым къыбгъэдэкIыу Социальнэ политикэмкIэ комиссэм хэту. Псэ хьэлэлу, гу къабзэу, шыIэныгъэ зыхэлъ цIыху акъылыфIэу щыта Мамбэтыр IуэхукIэ зыкъыхуэзыгъэза куэдым сэбэп яхуэхъуащ дапщэщи. А бзылъхугъэ щыпкъэм чэнджэщ щхьэпэхэр къыуитыфынут, Iущагъ зыхэлъ абы и псалъэхэм зэи ущагъэуэнутэкъым.

Хэкупсэ нэсу, зэрыадыгэм иригушхуэу, и анэдэлъхубзэр фIыуэ илъагъуу, Дзэлыкъуэ щIыналъэмрэ къыщалъхуа Щхьэлыкъуэ жылэмрэ и напщIэм телъу, ныбжьэгъугъэм ирипагэрэ щIэгъэкъуэн хъуну хьэзыру сыт щыгъуи щытащ Мамбэтыр. «Ди бзэ, ди псэ» гупым и лэжьыгъэм хэтащ Люсэ илъэс куэдкIэ. Гупым ящI жэрдэм дахэхэр ядиIыгъыу, къыхалъхьэ Iуэхухэр нэхъыфI зэрыхъуным елIалIэу щытащ Люсэ.

Куэд пхужыIэнущ икIи уигу къэбгъэкIыжыфынущ Люсэ теухуауэ. Мамбэтыр ящыщт гушыIэ дахэ, щабэ зыхэлъ цIыху губзыгъэхэм. Гукъыдэж уимыIэу илъэгъуамэ, гукъеуэр зэрыпщхьэщихыным елIалIэрт, апхуэдизу псэ къабзэ, гу зэIуха, зэхэщIыкIышхуэ бгъэдэлъти.

Гуауэшхуэр къызытепсыха и унагъуэ дахэм, и анэкъилъхухэм, Iыхьлыхэм дигуми ди псэми къабгъэдэкIыу дахуогузавэ. И ужьыр махуэ Алыхьым яхуищI, езыр жэнэткIэ гуфIауэ Тхьэм жиIэ.

Люсэ и фэеплъ нэхур куэдрэ ди гум илъынущ ар зыцIыхуу щыта куэдым, ФIыуэ тлъагъуу, пщIэ хуэтщIу къыддэпсэуа а цIыху псэ хьэлэлым дунейм къытрина лъэужь нэхур куэдрэ хремыгъуащэ.

«Ди бзэ, ди псэ» гупым къабгъэдэкIыу.

Iэбу Хьэнифэ и щыгъын дахэр

ГущIэгъукIэ Алыхьым игъэгуфIэн Iэбу Хьэнифэ мылъкушхуэ бгъэдэлъащ. «Уа, Iэдэм и бынхэ! Мэжджытхэм зыкъифхыу фыщIыхьэ» (7:31) Iэятыр нэгъэсауэ игъэзэщIэн мурадкIэ, абы дирхьэм 1500-рэ зи уасэ щыгъын къищэхури, нэмэз щищIкIэ щитIагъэу щытащ.

Зэгуэрым Iэбу Хьэнифэ деж лIы гуэр къакIуэри къыжриIащ: «Уа, Iимам! Нэмэзым сыщытетым деж, си махъшэхэр си нэгум къыщIоувэ. Уэ апхуэдиз былым уиIэрэ пэт, дауэ гупсэхуу нэмэз зэрыпщIыр?»

- Сэ си махъшэхэр си Iуэращ зэрызубыдэр, сигуракъым.

Мы хъыбархэр къызэрытха «Рухьул Бэян» тэфсирым адэкIэ Iуэхум дызэрыбгъэдыхьэн хуей щIыкIэр тхузэпкърех:

«Пэжщ! И щхьэмрэ и унагъуэмрэ зыхуей хуигъэзэн папщIэ, цIыхур лэжьэн хуейщ. Ауэ зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым ахъшэри мылъкури Алыхьталэм гъунэгъу зэрызыхуэпщIын Iэмал къудейуэ зэрыщытыр. ЦIыхум ахэр къигъэсэбэпыпхъэщ, ауэ фIыуэ илъагъун хуейкъым. ЗэрыжаIэщи: «Псыр кхъухьым и щIыбкIэ къэнэху, уздэкIуэм унэсынущ. Ар кхъухь кIуэцIым къакIуэмэ, ущIилъэфэнущ».

Iимам Рэббаний жиIэу щытащ: «Дунеягъэм уи гур бгъэдэпшыну гугъу дыдэщ, уеблэмэ пхузэфIэмыкIыным хуэдизщ».

Нэмэзым и хьэтыркIэ Алыхьталэм Езым и пащхьэм уиувэну хуит уищIащ. Абы иужькIэ емыкIукъэ абы утегупсысыкIыну».

Истигъфархэм я зиусхьэн

«Истигъфар» псалъэм и мыхьэнэр: тобэ къызэрахьыж, ящIам зэрыхущIегъуэжыр Алыхьым и пащхьэм зэрырахьэ духьэ.

«ИСТИГЪФАРХЭМ я зиусхьэн» цIэ зыгъуэта духьэр кIэщI дыдэщ, хэти хузэгъэщIэну, ауэ и мыхьэнэр куущ, и IукIэри дахэщ.

«Аллахьуммэ! Iэнтэ рэбби. Ла илахьэ илла Iэнтэ. Хъэлэкътэний уэ Iэнэ гьэбдукэ. Уэ Iэнэ гьэла гьэхьдикэ уэ уэгьдикэ ма стэтIэгьт. Iэгьузу бикэ мин шэрри ма сэнэгьт. Iэбуlуу лэкэ бинихьмэтикэ гьэлеййэ уэ Iэбуlуу бизэнбий. Фэгъфир лий, фэ Iиннэхьу ла ягъфиру ззунубэ илла Iэнтэ».

И мыхьэнэр:

«Я Алыхь! Уэ узи-Тхьэщ! Уэр фIэкIа Тхьэ щыIэкъым. Уэ сыкъэбгъэщIащ, срыуипщылIщ. Псалъэ уэстамрэ укъызэрызгъэгугъамрэ зэрысхузэфIэкIыу сытетщ. Iейуэ сIэщIэщIам кърикIуэнкIи хъуним сыкъебгъэлыну сыножалIэ. Уэ укъызэрысхуэупса фIыгъуэр зыхызощIэ, гуэныхь зэрызиIэри сощIэ. Къысхуэгъэгъу, Уэр фIэкIа гуэныхь зыгъэгъуфын зыри зэрыщымыIэр хьэкъщ».

Жэпуэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

• Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	ПщэдджыжьыР	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, бэрэжьей	04.33	06.03	12.05	15.17	17.49	19.29
2, махуэку	04.35	06.05	12.05	15.16	17.47	19.27
3, мэрем	04.36	06.06	12.05	15.15	17.45	19.25
4, щэбэт	04.37	06.07	12.05	15.14	17.43	19.23
5, тхьэмахуэ	04.38	06.08	12.04	15.12	17.42	19.22
6, блыщхьэ	04.39	06.09	12.04	15.11	17.40	19.20
7, гъубж	04.40	06.10	12.04	15.10	17.38	19.18
8, бэрэжьей	04.42	06.12	12.03	15.08	17.36	19.16
9, махуэку	04.43	06.13	12.03	15.07	17.35	19.15
10, мэрем	04.44	06.14	12.03	15.06	17.33	19.13
11, щэбэт	04.45	06.15	12.03	15.04	17.31	19.11
12, тхьэмахуэ	04.46	06.16	12.02	15.03	17.30	19.10
13, блыщхьэ	04.48	06.18	12.02	15.02	17.28	19.08
14, гъубж	04.49	06.19	12.02	15.01	17.26	19.06
15, бэрэжьей	04.50	06.20	12.02	14.59	17.25	19.05
16, махуэку	04.51	06.21	12.01	14.58	17.23	19.03
17, мэрем	04.52	06.22	12.01	14.57	17.21	19.01
18, щэбэт	04.54	06.24	12.01	14.56	17.20	19.00
19, тхьэмахуэ	04.55	06.25	12.01	14.54	17.18	18.58
20, блыщхьэ	04.56	06.26	12.01	14.53	17.17	18.57
21, гъубж	04.57	06.27	12.01	14.52	17.15	18.55
22, бэрэжьей	04.59	06.29	12.01	14.51	17.14	18.54
23, махуэку	05.00	06.30	12.00	14.49	17.12	18.52
24, мэрем	05.01	06.31	12.00	14.48	17.10	18.50
25, щэбэт	05.02	06.32	12.00	14.47	17.09	18.49
26, тхьэмахуэ	05.04	06.34	12.00	14.46	17.08	18.48
27, блыщхьэ	05.05	06.35	12.00	14.45	17.06	18.46
28, гъубж	05.06	06.36	12.00	14.44	17.05	18.45
29, бэрэжьей	05.08	06.38	12.00	14.44	17.03	18.43
30, махуэку	05.09	06.39	12.00	14.43	17.02	18.42
31, мэрем	05.10	06.40	12.00	14.43	17.01	18.41

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.

Нэмэзым тегупсысыкIыныр

Зи гъащIэр щIэныгъэм тыхь хуэзыщIа Джуваликий Iэбул-Iэббас игу къигъэкIыжырт диным зритыпэным щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ хуэхъуар.

КЪЭП иду, ахэр ищэрэ абы хэпсэукIыу щытащ Джуваликий. Зэгуэрым абы къэп ищэри, и уасэр къыIихыжыну игу къэмыкIыжу, зрищар иутIыпщыжащ. Къэпыр зыщэхуами къигъэзэжакъым. Арати, нэмэзым здытетым, «хэту пIэрэт а къэпыр зэсщар» жиIэурэ, Iуэхур зэрекIуэкIар къигубзыгъыжын щIидзащ. Нэмэзыр иуха нэужь, и гъэсэн щIалэм жреIэ:

- Нэмэзым сытетыху, сыт сымыщIэми, къэпыр зэстар хэтми къысхуэщIэжакъым.

Гъэсэным жеIэ:

- Уа, Iустаз! Нэмэз пщIа, хьэмэ ахъшэм уегупсысауэ ара?

А псалъэхэр Джуваликий Iеищэу и гум щIыхьэщ, къэпхэм яз и щхьэм фIикъуэщ, дурэшым дэтIысхьэри, а махуэм щегъэжьауэ дунеижьым и щIыб хуигъэзащ, тхьэ хуэпщылIынымрэ щIэныгъэ зэгъэгъуэтынымрэ фIэкIа и зэманыр тримыгъэкIуадэуи псэуащ абы иужькIэ.

И мурадыр къехъулIакъым

Краснодар крайм хиубыдэ Козэт къуажэм дэт мэжджытым зыгуэрым фокIадэм и 14-м щэхуу кхъуащхьэ щIидзащ. Мэжджытым щIэт видеом еплъыжа нэужь, ар цIыхухъу балигъыу зэрыщытыр, ищIар телефонымкIэ зэрытрихыжар къалъэгъуащ.

ЕТIУАНЭ махуэм Адыгеймрэ Краснодар краймрэ я муслъымэн IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэр утыку къихьащ, къэхъуам гулъытэшхуэ ирамытыным цIыхухэр къыхураджэу. «Муслъымэнхэр дыкъызэщIагъэстын, динрэ лъэпкъкIэ зэтемыхуэхэр зыр адрейм дыпэщIагъэувэн папщIэ ящIа Iуэхугъуэщ ар. Адыгейм ис цIыхубэ мамырым ахэр ди зэхуаку къыщIыдэдгъэхьэн щыIэкъым».

ЩIэпхъаджащIэр къагъуэтыным ихьар зы махуэ закъуэщ. Дин IуэхущIапIэм зэбгритыкIа хъыбарыр и тегъэщIапIэу, фокIадэм и 15-м «Коммерсант» газетым къытрадзащ ар къызэрыщIагъэщар, хабзэм зэрырашэлIам теухуа тхыгъэ. 1982 гъэм къалъхуа, Краснодар крайм щыщ бзаджащIэр хабзэхъумэхэм къаубыдри, ягъэтIысащ. ЩIэпхъаджащIэм унафэ къыхуэзыщIар, Iуэхур къызэрыхъуа щIыкIэр иджыпсту зэхагъэкI.

МыхъумыщIагъэм къытрегъэзэж

• Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Астрахань» (Астрахань) – 0:1 (0:0). Налшык. «Спартак» республикэ стадион. ФокIадэм и 27-м. ЦIыху 230-рэ еплъащ.

Судьяхэр Лацвиев (Шахты), Валов (Москва), Кокаев (Владикавказ).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Балъкъыз, Жабоев, Гъуэгузокъуэ (Черкесов, 88), КIэдыкIуей, Блий, ХьэцIыкIу, Дзыгул (Кенжев, 66), Сарбашев (Кумыщ, 88), Лысенкэ, ЛIуп.

«Астрахань»: Гришин, Злобин, Владимиров, Молэмусэ, Кривохижин, Шаталов, Левченков, Болонин, Карпов, Золоторенкэ (Абзалилов, 77), Пачо (Предеус, 77).

Топыр дигъэкIащ: Пачо, 65 (0:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Сарбашевым, Балъкъызым, Лысенкэ, Владимировым, Пекъум (мыджэгуу), ЛIупым, Гришиным.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и етIуанэ Iыхьэм и пэщIэдзэ зэIущIэм, тхьэмахуэ ипэкIэ Мейкъуапэ щыIэу, «Дружба»-м зэрыщытекIуам Къэбэрдей-Балъкъэрым топджэгум щыдихьэххэм гугъэ яригъэщIат, «Спартак-Налшыкым» и Iуэхухэр зэтеувэжын щIидзауэ. Абы щыгъуэми нэхъ набдзэгубдзаплъэхэм ящIэжырт япэ Iыхьэм хиубыдэу мэлыжьыхьым и 13-м Адыгейм и къалащхьэм щыфыкъызэрикIыжу ерыщу зыхуагъэхьэзырын щIадзат къыкIэлъыкIуэу «Астрахань»-м зэрыIущIэнум. Ахэр икъукIэ хущIэкъурт текIуэныгъэр зыIэрагъыхьэу щытыкIэ гугъум къикIын щIадзэну. Абы папщIэ я къару псори зэрырахьэлIам шэч лъэпкъ къытетхьэркъым. АрщхьэкIэ джэгум и япэ Iыхьэм я Iуэхур къыщимыкIым, Iэмал гъуэзэджэ зыбжанэ яIами, я лъэр хуэмурэ щIэхуащ.

Загъэпсэхуу къихьэжа иужькIэ хьэщIэхэм зыкъызыкъуахащ. Ахэр иджы ерыщу икIи къаруушхуэкIэ налшыкдэсхэм къебгъэрыкIуэрт. Апхуэдэхэм ящыщ зым къыхудагъэкIа топым «Спартак-Налшыкым» хуэфэщэн жэуап иритыжыфакъым. Арати, иужьрей джэгугъуибгъум къызэрыщыхагъэщIар 8-м нагъэсащ икIи кIэух увыпIитIым я зым къыщынащ. Абы щыгъуэми очкоибгъукIэ къыкIэрыху хъуащ къыщхьэщыт «Ангушт»-м. ФIэщщIыгъуейщ ди щIалэхэр абы къэнэжа джэгугъуитхум лъэщIыхьэжыфыну икIи етIуанэ дивизионым къыхамыгъэкIынухэм яхэхуэну.

АдэкIэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэм щыIа иужь зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **«Рубин»** (Ялтэ) - **1:0**, **«Сочи-2»** (Сочэ) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **0:0**, **«Динамо-2»** (Мэхъэчкъалэ) – **«Легион»** (Мэхъэчкъалэ) - 2:**2**, **«Нарт»** (Черкесск) – **«Победа»** (Хасавюрт) – **1:0**, **«Ростов-2»** (Дон Iус Ростов) – **«Севастополь»** (Севастополь) – **0:1**, «Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) –**«Кубань-Холдинг»** (Новопавловск) – **0:0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» Къырымым щригъэкIуэкIынущ. Жэпуэгъуэм и 4-м Ялтэ къалэм ар «Рубин»-м щыIущIэнущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр. КIэух Iыхьэ

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Динамо-Ставрополь»**	**28**	**16**	**6**	**4**	**40-24**	**56**
2.	«Севастополь»	28	15	9	4	44-31	54
3.	«Кубань Холдинг»	28	14	11	3	48-23	53
4.	«Победа»	28	15	3	10	33-28	48
5.	«Ростов-2»	28	13	6	9	27-23`	45
6.	«Нарт»	28	13	6	9	39-24	45
7.	«Астрахань»	28	11	10	7	35-25	43
8.	«Сочи-2»	28	11	9	8	40-29	42
9.	«Дружба»	28	10	8	10	37-28	38
10.	«Рубин»	28	10	6	12	29-34	36
11.	«Легион»	28	7	9	12	29-47	30
12.	«Ангушт»	28	6	8	14	22-32	26
13.	**«Спартак-Налшык»**	**28**	**4**	**5**	**19**	**19-49**	**17**
14.	**«Динамо-2»**	**28**	**0**	**4**	**24**	**17-73**	**4**

Зыгъэхьэзырар **ГУГЪУЭТ Заремэщ**.

ЩIэщхъу

ЗЫ пщыхьэщхьэ гуэрым щIалэ цIыкIухэр дыджэгуу бжьэпэм дытетт. Ди гъунэгъу дадэр къыдэкIри и мэлхэр пщIантIэм дигъэхьэжащ. Ар щилъагъум, Заурбэч Мурид сэрэ лъэныкъуэкIэ дыIуишри къыдэхъуцэщащ:

- Нышхьэбэ мы Мацу и кхъужь пасэм дыхэвгъауэ. Ар сытым хуэдэу хъуа!

- Дауэ? - игъэщIэгъуащ Мурид.

- Дауэ, дауэ! Сыт, игъащIэм фи гъунэгъум я хадэм дыгъуакIуэ умыкIуэжауэ ара?

Сэ сыкъэшынащ.

- Даубыдмэ-щэ? - хуэм дыдэу жысIащ сэ.

Заурбэч лъэныкъуэкIэ дыкъыIуишри нэхъ ину къригъэжьащ:

- Хэт узубыдынур, и къуэр си къуэшым и гъусэу къалэм кIуащ, пщэдейщ къыщыкIуэжынухэр. Къэнар езы лIыжь-фызыжьырщи, пшапэр зэхэуауэ, топ бгъауэми, къыщIэкIынукъым. ДыкIуэнумэ, нышхьэбэ хуэдэ пщыхьэщхьэ къытхуихуэжынкъым! - трегъэчыныхь Заурбэч.

Адрей щIалэ цIыкIухэр зэбгрыкIыжыху дежьэри, куэдыщэри зыдмыIэжьэжу, гъунэгъу дадэм и хадэм дихьащ. Кхъужьейр нэхъ хадэкум итт. Унагъуэм я уэздыгъэри ягъэункIыфIыжат. Дэ, джэдум хуэдэу, жыгым дыдэпщеящ. Кхъужьыр къыпытчын щIэддза къудейуэ, шыгъуэгубжэр къэкIыргъащ. Дыплъэмэ, дадэр хуэмурэ ноклуэ, тутыни ефэурэ. Дэ тщIэнур дымыщIэу дыдиящ. ЛIыжьыр къэсри дызытес жыг лъабжьэм нышIэтIысхьащ. Шысщ и тутыныр щIешри. Мурид тыншу къудамэм тет хъунтэкъым, хуэм дыдэурэ зигъэзэну иужь щихьэм, жыг къудамэр гуэщIыкIри, лIыжьым и пащхьэ дыдэм къихуэу къеджэрэзэхащ. Арщхьэкlэ, напIэзыпIэм къыщылъэтыжри, и занщIэр и гъуэгуу, щIэпхъуащ.

Дадэр хуабжьу къэщтауэ къыщIэкIынт. Мурид нэхърэ мынэхъ хуэмыхуу къыщылъэтри, и къару къызэрихькIэ унэм иунэтIыжащ. Ар щыдмылъагъужым, дэри жыгым дыкъелъэри, нартыхум дыхэлъэдэжащ, ди гуфIакIэм дэтлъхьа кхъужьри къыдэщэщыжу.

- Дыкъицlыхуауэ пIэрэ? ДыкъицIыхуамэ, хъуакъым, ди деж Iей дыдэу сакъунущ, - сыгузавэрт сэ.

- КъэпщIэжащ иджы! - жиIащ Заурбэч, си гур фIы къысхуищIми пэжу жиIэми къызгурымыIуэу. - Абы дэ дыкъилъэгъуакъым, ауэ езы тхьэмыщкIэр къэщтауэ унэм зэрыщIэлъэдэжам гу лъыптакъэ!

ТIэкIу дигъэкIри и псалъэм къыщIигъуащ:

- Ауэ Мурид къицIыхуами сщIэркъым.

Ар сэ нэхъри сигъэгузэвэну зэрыжиIар нэрылъагъут. Сэ жэщым сымыжеифу къытщыщIа щIэщхъум сегупсысу куэдрэ сыхэлъащ.

ЕтIуанэ махуэм школым сыщыкIуэм лIыжьыр я куэбжэпэ тетIысхьэпIэм тесу сылIуащ.

Ар щыслъагъум, си лъакъуэр схузэблэмыхыжу зэхэзэрыхьат. Дадэм сыкъыщилъагъум, къыпыгуфIыкIри, жиIащ:

- А-а-а, ПIытIыкъ, уэра мыр? КъакIуэт мыдэ, сыпхуей дыдэу укъызихьэлIащ...

ЛIыжьым сыщыбгъэдыхьэм, и жыпым кърихри кхъужьIэрысэшхуитI си тхылъылъэм къыдилъхьащ.

- Мыхэр еджапIэм ущIэсу умэжалIэмэ, пшхынщ, - жи.

Къаруиуэ сиIэж тIэкIур зэхуэсхьэсыжри сыкъыIукIыжыну сыкъыщежьэжым, дадэм и псалъэхэм къыщIигъуащ:

- Уэ ущIалэфIщ, адрей щIалэжь цIыкIу къуейщIейхэм ещхьу жэщкIэ кхъужь дыгъуэ укIуэркъым! Жэщым къэмыкIуэу, махуэм къакIуэмэ, зыхуейм хуэдиз езгъэшхынти!

- Уэрей, дадэ, ныжэбэ жыг къудамэр къыгуэзыщIыкIар сэрмыра! - къызжьэдэхуащ сэ зэуэ.

- ТIэ, сэ сщIэркъэ, ПIытIыкъ, ар узэрыармырар. Уэ ущIалэфI дыдэщ, - жиIэри лIыжьыр мащIэу и пащIэкIэ щIэгуфIыкIыурэ пщIантIэм дыхьэжащ.

ЖУРТ Биберд.

Шыпсыранэ сыр

ШЫПСЫРАНЭМ и лъэхъц кIыхьхэр щIым тыншу хокIэ. ИкIи абы «псэупIэ» ищIа щIыпIэм а къэкIыгъэр щыбгъэкIуэдыжыныр тыншкъым. Шыпсыранэр лIэужыгъуэ 60-у зэщхьэщагъэкI. Хэт нэхъ лъагэщ, хэт лъахъшэщ, хэти нэхъ сырщ, язынукъуэхэри укъимысыхху дэгущ. КъапщтэмэI, шыпсыранэр гъэщIэгъуэнагъ куэд зыхэлъ къэкIыгъэщ.

- Шыпсыранэм укъес абы хъумпIэцIэдж кислота зэрыхэлъым щхьэкIэ.

- Шыпсыранэр язынукъуэ хьэндрабгъуэхэм нэхъ яфIэфI дыдэ шхыныгъуэщ.

- Пасэм шыпсыранэ щэкIым чэтэнхэр (парус), кIапсэ быдэхэр къыхащIыкIыу щытащ.

- Японием шыпсыранэ бгнэмрэ (жгут) данэ щэкIымрэ самурайхэм я фэилъхьэгъуэхэр къыщыхащIыкIырт. Шыпсыранэм и лъэдий гъуахэр мэIу щащIкIэ къагъэсэбэпырт, шыпсыранэ налъэ (волокно) быдэм сагъыз щахуэрти, шабзэпсхэр къыхащIыкIырт.

- Шыпсыранэм и хущхъуэгъуэр нэхъыбэу зыхэлъыр и тхьэмпэхэрщ. Ахэр къулейщ С, В, К витаминхэмкIэ, белокIэ.

- Шыпсыранэм и тхьэмпэ цIынэхэр хьэнтхъупсым, салатхэм халъхьэ. Ар халъхьэ «Гауда» кхъуейр щащIкIэ.

- Шыпсыранэ тхьэмпэр къэбгъэсэбэп мэхъу, щIэх зэIыхьэнкIэ хъуну ерыскъыпхъэхэр ирипхъумэу. Псалъэм папщIэ, былымылыр е бдзэжьейр шыпсыранэ тхьэмпэм кIуэцIышыхьауэ бгъэтIылъмэ, зэIымыхьэу нэхъыбэрэ щылъщ.

- Шыпсыранэ халъхьэ хабзэщ щхьэц зэрахущI сабынхэм. Абы щхьэцыр быдэ ещI. Уи щхьэцыр пхущIа нэужь, шыпсыранэпс щIэбгъэжыжынри сэбэпщ, зи щхьэц къикIхэм я дежкIэ.

- Шыпсыранэ куэд яшх хъунукъым зи гур узхэм.

- Британием шыпсыранэм къыщыхащIыкI пиви шагъыри.

- Шыпсыранэм уи щIыфэр ебгъэсыну узыншагъэу къалъытэ. Ар зыжьэхэуам деж лъыр нэхъ тыншу щызокIуэ.

- Ауэ шыпсыранэхэм яхэтщ ужьэхэуэрэ укъисмэ, узэрылIыкIынкIэ хъуну лIэужьыгъуэ шынагъуи.

- 2002 гъэм щегъэжьауэ Тулэм щыIэ Крапивнэ къуажэм «Шыпсыранэм и фестиваль» щокIуэкI илъэс къэс. А къуажэм герб зэрахьэ, шыпсыранэм и сурэт къыщыгъэлъэгъуауэ.

- Инджылызым, Маршвуд жылэ цIыкIум, илъэс 20 хъуауэ гъэ къэс щрагъэкIуэкI шыпсыранэ шхынымкIэ чемпионат.

ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.

Джэдгъэф Алихъан цIыкIу и анэр удз гъэгъакIэ егъэгуфIэ!

• Пшыхьхэр

ТхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, журналист

Къагъырмэс Борис къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъур ягъэлъэпIащ

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым фокIадэм и 23-м фэеплъ пшыхь щекIуэкIащ. Ар КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщащ, республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэр и дэIэпыкъуэгъуу, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым и къэрал саугъэтым и лауреат, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и член-корреспондент, УФ-м и ТхакIуэхэми и Журналистхэми я зэгухьэныгъэхэм хэта тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, журналист Къагъырмэс Борис къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум и щIыхькIэ.

ТЕАТРЫМ и пэIущIэ пэшым щагъэуват илъэсипщI ипэкIэ дунейм ехыжа тхакIуэм и лэжьэгъухэм, ныбжьэгъухэм, унагъуэм я гъусэу трахауэ щыта сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.

Пшыхьыр щыщIидзэм, экранымкIэ къагъэлъэгъуащ Къагъырмэс Борис и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теухуауэ трахауэ щыта теленэтыным щыщ пычыгъуэ. УсакIуэр абы щытепсэлъыхьырт щалъхуа Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм, Гъубжокъуэ Лиуан, Тхьэгъэзит Зубер, Брай Адэлбий сымэ я гъусэу КъБКъУ-м и филологие къудамэм зэрыщеджам, а гупым я егъэджакIуэхэр къадэIэпыкъуу литературэ зэгухьэныгъэ къызэрагъэпэщауэ зэрыщытам, университет нэужьым тхэным зэрыпащам, нэгъуэщIхэми. Пшыхьым щрагъэдэIуащ Борис и анэр зэIущIэм къыщыпсалъэу архивым къыхэна пычыгъуэм.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин Къагъырмэс Борис и гъащIэмрэ гуащIэмрэ здытепсэлъыхьым жиIащ:

- Ди лъэпкъ щэнхабзэмрэ литературэмрэ зыгъэбея цIыху щэджащэр ныщхьэбэ дигу къыдогъэкIыж. Ар ящыщщ зи цIэр лъэпкъ литературэм и тхыдэм дыщэ хьэрфхэмкIэ хатха, 60 гъэхэм къэунэхуа, дызэрыгушхуэ тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэхэм. Абы и IэдакъэщIэкIхэм фэрыщIагъ хэмылъу гъащIэм и пэжыр къыщигъэлъэгъуэжащ. Езым и нэгу щIэкIа Iуэхугъуэхэрщ ар нэхъыбэу зытетхыхьар, ди лъахэм, анэм, цIыхухэм, хэкум, анэдэлъхубзэм яхуиIэ лъагъуныгъэмрэ зи сабиигъуэр зыхиубыда Хэку зауэшхуэ зэман дыджым теухуа гукъэкIыжхэмрэ, - къыхигъэщащ Къумахуэ Мухьэдин. - Борис и Iэдакъэ къыщIэкIащ усэхэр, миниатюрэхэр, повестхэр, эссехэр, балладэхэр, Iуэтэжхэр, сабийхэм яхуэгъэзахэри хыхьэу. «Лэскэн пщащэ» уэрэдыр, «Лэскэн мэз» усэр зэхэсхыху си къуажэгъу усакIуэм сригушхуэрт. Къагъырмэсым и япэ тхылъхэр къызэрыдэкIыу цIыхухэм псынщIэу зэбграхырт, щIалэгъуалэм и усэхэр гукIэ зрагъащIэрт, и литературэ, тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ яхуитха публицистикэ тхыгъэхэр газетхэмрэ журналхэмрэ («Советская молодёжь», «Адыгэ псалъэ», «Iуащхьэмахуэ», «Нур», «Солнышко») къытехуэрт, радиомкIэ къатырт. Къагъырмэс Борис тхылъ 30-м щIигъу къыдигъэкIащ. Абы адыгэбзэм къригъэзэгъащ Лермонтов Михаил, Пушкин Александр, Шевченкэ Тарас, Хетагуров Коста, Мечиев Кязим, Петраркэ Франческэ, нэгъуэщI тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр. Езым и усэхэр зэрадзэкIащ белорус, украин, латыш, молдавие, къыргъыз, румын, осетин, къумыкъу, нэгъуэщIыбзэхэмкIэ. Къэшэж Иннэрэ Борисрэ зэныбжьэгъуу щытащ икIи Иннэ урысыбзэкIэ зэридзэкIащ абы и усэ куэд. Сыщымыуэмэ, Къэшэжым и «Гармошка в Лескене» усэр зыхуитхар Къагъырмэсращ. Борис псэуху зыхуэлэжьа псалъэм и псэр пытыху хуэпэжащ. УсакIуэр дунейм ехыжами, и IэдакъэщIэкIхэр ноби щIэблэм зэIэпах.

Мухьэдин жиIащ и къуажэгъу, и гъунэгъу Къагъырмэс Борис и анэр цIыху гуапэу, сабийхэр зэпымыууэ IэфIыкIэхэмкIэ игъэгуфIэу, бзылъхугъэ Iущу зэрыщытар.

УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, усакIуэ, публицист Попова Нинэ зи лIыкIуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Мединский Владимиррэ а зэгухьэныгъэм и правленэм и секретариатым жэуап зыхь и секретарь Иванов Николайрэ я цIэкIэ фIыщIэ яхуищIащ зи гуащIэм и пщIэр цIыхубэм ялъытэ Къагъырмэс Борис и фэеплъ пшыхь гуапэр къызэзыгъэпэщахэм, усакIуэм и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ, и IэдакъэщIэкIхэр фIыуэ зылъагъухэм. Абы къыхигъэщащ зи усэхэмрэ Iуэтэжхэмрэ цIыхубэм ягу дыхьа, зи цIэр лъэпкъ щэнхабзэм къыхэна Къагъырмэс Борис хуэдэ тхакIуэхэм я тхыгъэхэм уасэ зэримыIэр.

УэрэджыIакIуэхэу Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, ЦокIыл Азэмэт, «Ридадэ» сабий ансамблым пшыхьым щагъэзэщIащ Къагъырмэс Борис и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр («Щхьэ укъызэджат?», «Иджырей хъыджэбзхэр», «Жыгыщхьэ артистхэр»). А уэрэдхэм макъамэ щIалъхьащ композиторхэу Къашыргъэ Билалрэ Къул Амиррэ.

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей Къэрал драмэ театрым и артистхэу ХьэщIэлI Iэдэм, Хьэмырзэ Ахьмэд, ДыщэкI Рауят, Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм и курыт еджапIэм и 7-нэ классым щеджэхэу Къумахуэ Алихьанрэ Тэнащ Миленэрэ къеджащ Къагъырмэсым и усэхэм.

Борис и IэдакъэщIэкIхэр ноби зэрызэIэпахым и щыхьэту, пшыхьым щагъэлъэпIащ усакIуэр илъэс 90 зэрырикъум и щIыхькIэ КъБКъУ-м Адыгэ щэнхабзэмкIэ и центрым къызэригъэпэща зэпеуэм къыщыхэжаныкIахэр. Налшык къалэм и курыт еджапIэхэмрэ КъБКъУ-м и студентхэмрэ щыщу абы щытекIуахэм и адэм и усэхэр щызэхуэхьэсауэ иджыблагъэ къыдигъэкIа тхылъымкIэ яхуэупсащ Къагъырмэс Борис ипхъу Светланэ. Абы фIыщIэ яхуищIащ, хъуэхъу псалъэкIэ захуигъэзащ зэпеуэр къызэзыгъэпэща центрым и унафэщI Езауэ Мадинэрэ Къул Амиррэ, зэпеуэм зи зэфIэкI щеплъыжа щIалэгъуалэм, абы щытекIуахэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Нанэ

ЕДЖЭН яухри школым къыщIэкIыжауэ, Хьэсэнрэ Муратрэ унэм кIуэжырт. Тыкуэнышхуэм къыщыблэгъэжым, абыхэм къалъэгъуащ абы къыщIэкIыжа нанэр. Нанэм, къищэхуахэр илъу, чы матэ иIыгът. ЩIалэ цIыкIухэр ищхъэрэкIэ ехыжырт, нанэр ипщэкIэ дэкIуейрт. ЩIэх-щIэхыурэ абы матэр зэ зы Iэм, зэ адрейм иритырт. Абы гу лъызыта Хьэсэн и тхылъылъэр Мурат иритри нанэм и матэр къыIихащ. Хьэсэн нанэр я унэ нигъэсыжри, къигъэзэжащ. Ар къызэрыбгъэдыхьэжу, Мурат къеупщIащ:

- Хэт а зи матэ зыхуэпхьыжар?

- Нанэщ, - жиIащ Хьэсэн.

- Уэ уи нанэу ара? Урикъуэрылъху хьэмэ урипхъурылъху?

- Хьэуэ, си нанэкъым, срикъуэрылъхукъым икIи срипхъурылъхукъым.

- АтIэ фи гъунэгъу?

- Хьэуэ, ди гъунэгъукъым.

- НтIэ уи сыт? Дэнэ щыпцIыхур?

- Си зырикIщ, икIи сцIыхуркъым, ауэ НАНЭЩ, - жэуап итыжащ Хьэсэн.

ДЖАУРДЖИЙ Хьэтыкъэ.

Псалъэзэблэдз





1							ХЬ	Э		
2						ХЬ	Э			
3					ХЬ	Э				
4				ХЬ	Э					
5							ХЬ	Э		
6		ХЬ	Э							
7					ХЬ	Э				







Жэуапхэр

Къехыу: 1. Тхьэрыкъуэ.
ЕкIуэкIыу: 1. Тхьэгъу. 2. Щхьэнтэ. 3. Щхьэл. 4. Хьэрхъуп. 5. Сыхьэт. 6. Тхьэрыкъуэф. 7. Тхьэмпэ.

Зыхэзылъхьар **БИЦУ Жаннэщ**.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.295
Заказыр №2102
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.